Шынагъуэншагъэр яхъумэ

2-нэ нап.

Анэдэлъхубзэм зэрищэлIахэр

3-нэ нап.

Къызыкъуахащ лIыгъэ

4-нэ нап.

ЗэкIэ етIуанэщ Миланэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№26 (24.932) • 2026 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 3, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

ЦIыхухэм я лъэIухэр егъэзащIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Урысей Федерацэм и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ егъэблэгъапIэм щаIущIащ я щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэм.

ЩIЭГЪЭКЪУЭН, гулъытэ хуэныкъуэт зи узыншагъэкIэ сэкъатышхуэ зиIэ сабийхэр щапI, щытыкIэ гугъум къиихута бынунагъуэшхуэхэр. Ахэр социальнэ дэIэпыкъуныгъи хуейт, къэралым фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ клиникэ щхьэхуэхэм я сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэжынымкIи сэбэп къахуэхъуну щIэлъэIухэрт.

Дэтхэнэми и Iуэху тэмэму зэрызэфIагъэкIыным теухуауэ пщэрылъхэр ягъэбелджылащ. Зыкъыхуэзыгъэзахэм псоми зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр ягъуэтынущ. А пщэрылъхэр зэрагъэзащIэр республикэм и Iэтащхьэм и нэIэ щIигъэтынущ.

ЩIалэгъуалэм я гъуэгугъэлъагъуэ

Гъатхэпэм и 2-м Урысей Федерацэм япэ дыдэу щагъэлъэпIащ УнэтIакIуэм и махуэр, ди къэралым и Президентым къыдигъэкIа Унафэ щхьэхуэм ипкъ иткIэ ягъэувауэ щытар. Ар ирагъэхьэлIащ урысей педагогикэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа еджагъэшхуэхэм ящыщ Ушинский Константин къыщалъхуа махуэм. А махуэщIым теухуауэ КIуэкIуэ Казбек MAX каналым щетх:

«2023 гъэм и дыгъэгъазэм Къэрал Советым «ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я мыхьэнэмрэ я пщIэмрэ жылагъуэм къыщыIэтыным теухуауэ» зэIущIэм къыщыпсалъэу, ди Президент Путин Владимир къыхигъэщащ унэтIакIуэ IэщIагъэр хъумэн, адэкIи зегъэужьын зэрыхуейм, ар къэралым и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэр нэхъри езыгъэфIакIуэ Iуэхугъуэу зэрыщытым теухуа гупсысэ.

Пэжу, куэдрэ къохъу унэтIакIуэм зи щIалэгъуэхэм я гъащIэм увыпIэшхуэ щыщыиубыд. ЩIэблэм я щапхъэфI унэтIакIуэр гъуэгугъэлъагъуэ яхуохъу балигъыпIэ иувагъащIэхэм. УнэтIакIуэм и фIыгъэкIэ ныбжьыщIэхэм къызыкъуах ябгъэдэлъ зэчийхэмрэ зэфIэкIхэмрэ, гъащIэм щызрихьэлIэ лъэпощхьэпохэм тэрэзу полъэщыф, хэкIыпIэхэр къагъуэтыф.

УнэтIакIуэу ущытыныр гъащIэм къыпхуигъэув къалэн хэхащ. Абы и хъерхэм ящыщщ зи IэщIагъэм хуэIэижь, хэкупсэ нэсу щыт цIыху гъэса щIэблэр зэрыхъур. УнэтIакIуэныр ар щIалэгъуалэр IэщIагъэм хуэIэижь щIын къудейркъым зэпхар, атIэ абыхэм я дуней еплъыкIэр убзыхуным, гупсысэм зегъэужьыным хуэщIащ. Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжу щыдолъагъу медицинэм, спортым, нэгъуэщI щIэныгъэ унэтIыныгъэхэм, IэщIагъэ щрагъэгъуэт IэнатIэхэм. Хабзэу къызэрекIуэкIыр аращи, зи щIалэгъуэхэм я унэтIакIуэр ар езыр и IэщIагъэрэ абыкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэкIэ зэфIэкIышхуэ зиIэ, а псомкIи фIэфIу адрейхэм ядэгуашэ, жылагъуэм пщIэ лъагэ щызиIэ цIыхущ.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сохъуэхъу а IэнатIэм пэрыт псоми. Дэтхэнэ унэтIакIуэми сыхуоупсэ и гъэсэнхэм и Iуэхум къыпызыщэн, езым хуэдэу щIэблэм гъуэгугъэлъагъуэ, щапхъэфI яхуэхъун куэд къахэкIыну».

УнэтIыныгъэ пщыкIуэкIэ

«ЦIыхубэм къулыкъу яхуэщIэн» III Урысейпсо муниципальнэ саугъэтыр зыхуагъэфэщэнухэр къыхэхыным теухуа IэIэтым дыгъуасэ щIидзащ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек абы теухуауэ MAX-м щитхащ:

«САУГЪЭТЫР ягъэуващ ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм и жэрдэмкIэ икIи ар хуагъэфэщэнущ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм зегъэужьыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа гупхэм, цIыху щхьэхуэхэм.

Муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я жэрдэмрэ проекту 110-рэ къыхахащ къата мин 63-м икIи ахэр къыхэзылъхьахэр поплъэ я гупсысэхэр цIыхубэм къазэрыщыхъунум.

Iэ яIэткIэрэ, цIыхухэм къыхах лэжьыгъэ нэхъыфIу къалъытэр, пщIэ зыхуэщIыпхъэр. Абыхэм ящыщщ щIыналъэхэм зегъэужьыным, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ хэкупсэу гъэсэным, муниципальнэ къулыкъущIапIэхэм гъэсакIуэхэм я лэжьыгъэхэр хэIущIыIу щыщIыным, ди псэукIэм хэлъ фIыр щIэблэхэм зэIэпахыным, унагъуэ лъапIэныгъэхэр хъумэным, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм ядэIэпыкъуным, щэнхабзэ-тхыдэ щIэинхэм яхуэсакъыным, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр. Псори зэхэту унэтIыныгъэ 11 мэхъу.

Фигу къэзгъэкIыжынщи, «ЦIыхубэм къулыкъу яхуэщIэн» муниципальнэ саугъэтыр къызэригъэпэщащ икIи ирегъэкIуэкI ЩIыпIэ самоуправленэм зегъэужьынымкIэ Урысейпсо зэгухьэныгъэм икIи ар къадиIыгъащ Урысейм и Президентым и Администрацэм. Ар иджы ещанэрэ йокIуэкI икIи, шэч хэмылъу, абы хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципалитетхэм я лIыкIуэхэри.

IэIэтыр тхьэмахуитхукIэ екIуэкIынущ. Iэ щыпIэт хъунущ «Госуслуги» платформэм.

#ГолосСлужения».

Нэхъыбэ къыхрагъалъхьэ

Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим иригъэкIуэкIащ «Кавказ.РФ» зыужьыныгъэмкIэ институтыр зэлэжьыну Iуэху нэхъыщхьэхэр щаубзыхуа зэхуэс.

КЪУЛЫКЪУЩIЭХЭР хэплъащ компанием япэ игъэщыпхъэхэр къехъулIэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм 2030 гъэ пщIондэ экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрызиужьыну щIыкIэм.

Нэхъапэм апхуэдэ къалэн нэхъыщхьэхэр 2022 гъэм ягъэбелджылат. А зэманым къриубыдэу зыужьыныгъэмкIэ институтым лъабжьэшхуэ зэригъэпэщащ, иджыпстуи яубзыху Iыхьэм мыхьэнэшхуэ иIэщ - инвестицэ хэлъхьэныгъэхэм зрагъэубгъунущ, къагъэсэбэп бгъэдыхьэкIэхэр нэхъри ирагъэфIэкIуэнущ.

Решетниковым зэрыжиIамкIэ, илъэсищым къриубыдэу инфраструктурэм епха объект 40-м щIигъу яухуащ, экологие гъуэгу километр 70-м щIигъу хашащ, курортхэм илъэс къэс турист мелуани 2-м нэблагъэ кърагъэблэгъэф хъуащ. Институтым и IэмалхэмкIэ бюджетым щымыщ инвестицэу сом мелард 24-рэ экономикэ щIыпIэ хэхахэм къыхрагъэлъхьащ. Псори зэхэту инвестицэу сом мелард 24-м щIигъу проект 219-м халъхьащ. А Iуэхум кърикIуащ Кавказ Ищхъэрэм инвестицэ хэлъхьэныгъэр зэпIэзэрыт зэрыщыхъуар.

Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергей къыхигъэщхьэхукIащ ахъшэр къызэрысэбэп щIыкIэм дзыхь къыхуащIу зэфIэгъэувэжыныр, проект къэс мылъку къыхэзылъхьэн къэгъуэтыныр хьэрзынэу зэрызэтраублар.

«Дэ долъагъу банкыр щIыналъэхэм нэхъ жыджэру щылажьэ зэрыхъужар: экономикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм инвестицэ проекту 203-рэ кредит IуэхущIапIэхэм щаIыгъащ, ар сом мелард 19-м нос, экономикэ щIыпIэ хэхахэм резидентхэм халъхьа кредитхэр псори зэхэту сом мелард 51-м щIигъуащ, абы щыгъуэми ахъшэм зэригъэзэжынымкIэ шэсыпIэ иувэу. Ар щыхьэт тохъуэ инвестицэ щытыкIэ зэпIэзэрыт мы щIыналъэм зэрыщызэфIэувам», - жиIащ Назаров Сергей.

Банкыр Iуэхум жыджэру зэрыхэтым и фIыгъэкIэ проектхэр ахъшэкIэ щIэгъэбыда хъуащ и

кIэм намыгъэсу къызэтрагъэувыIэ Iуэхухэр нэхъ мащIэ хъуащ. Зэхалъхьа концепцэм и купщIэр инфраструктурэм зегъэужьыным гъунэ имыIэу лэжьэнырщ - энергетикэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ зегъэужьыныр, турист IэнатIэм къыщалэжьыр нэхъыбэ щIыныр, нэгъуэщIхэри. А унэтIыныгъэхэр экономикэ зыужьыныгъэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ.

Кавказ.РФ-м и генеральнэ унафэщI Юмшанов Андрей и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ компанием и зыужьыныгъэм и къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэр зыхуэдэри.

«ЗыужьыныгъэмкIэ институтым Кавказ Ищхъэрэм экономикэ моделыщIэ щызэфIэгъэувэнымкIэ иIэ мыхьэнэр IупщIу къыщыдгурыIуэн хуей зэманыр къэсащ. Дэ ди къалэныр инвестицэхэр гъэбэгъуэныым, цIыхухэм лэжьыгъэ IэнатIэ етыным, щIыналъэм къыщыщIагъэкIым хэгъэхъуэным зэран хуэхъу лъэпощхьэпохэр гъэкIуэдыныршщ, проектышхуэхэр гъэзэщIэным иужь дитыху финанс зэпIэзэрытыныгъэр зэтеIыгъэнырщ», - къыхигъэщащ Юмшанов Андрей.

Стратегием и Iэмал къагъэщIэрэщIэжам Кавказ.РФ-м гулъытэ нэхъ зыхуищIа унэтIыныгъитхум хеубыдэ: экономикэ щIыпIэ хэхахэмрэ инфраструктурэмрэ зегъэужьыныр, инвестицэ проектхэр гъэзэщIэныр, энергетикэмрэ ЖКХ-мрэ егъэфIэкIуэныр, IэнатIэм пэрыувэнухэр къыхэзых центр къызэгъэпэщыныр, лэжьакIуэхэр къешэлIэныр.

2026 гъэм Кавказ.РФ-м адэкIи пищэнущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ ассоциацэм зэрыдэлажьэр, унэтIыныгъэщIэу къыхилъхьэхэм ящыщщ кIапсэ гъуэгухэр сертификацэ щIыныр. Компанием бгылъэ щIыпIэм щрагъэкIуэкI ухуэныгъэхэр къэпщытэнымкIэ IэнатIэ къызэIуихащ. «Кавказ Инжиниринг» къудамэр дяпэкIэ иужь итынущ туризмэм ехьэлIа Iуэхухэр дэгъэкIыным - ухуэныгъэм къыщыщIэдзауэ щIэуэ къызэIуаха зыгъэпсэхупIэр цIыхубэм къегъэцIыхуным нэс хиубыдэу. А Iуэхугъуэхэм инвестицэ лэжьыгъэм нэхъри зрагъэужь икIи финанс зэпIэзэрытыныгъэр ягъэбыдэ, апхуэдэуи къэрал мылъку зэрелъытар ягъэмащIэ.

2030 гъэ пщIондэ зыужьыныгъэм хуэзышэну Iуэхухэм сом мелард 26-рэ трагъэкIуэдэну, резидентхэм инвестицэу сом меларди 150-м нэс къыхрагъэлъхьэну я мурадщ. Абы ипкъ иткIэ, проектхэр щхьэхуэ-щхьэхуэу ягъэзащIэ мыхъуу, щIыналъэм и инвестицэ зыужьыныгъэм зэрыIыгъыу елэжьыну аращ.

ЗэIущIэм и кIэухым Решетников Максим къыхигъэщхьэхукIащ лэжьыгъэм и пIалъэ ящIэ зэрыхъуам и фIыгъэкIэ дяпэкIэ нэхъыбэж зэрахузэфIэкIынур.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

ХьэблэщIэхэм ухуэныгъэр зэрыщекIуэкIыр

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу, щытепсэлъыхьащ щIыналъэм и ухуэныгъэ IэнатIэм зэрызиужьым.

ГУЛЪЫТЭ хэха хуащIащ Налшык и «Восточный», «Мей» хьэблэщIэхэм. ЗэIущIэ егъэкIуэкIыныр хабзэубзыху IуэхущIапIэм УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ IэнатIэмкIэ и комитетым къыхилъхьат.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ жиIащ депутатхэр сыт щыгъуи зэрыхуэщIэкъур щIыналъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр къаIэтыну.

- Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къызэрыхигъэщащи, щIыналъэм и экономикэр езыгъэфIакIуэ IэнатIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ ухуэныгъэр. Дэ долъагъу иужьрей илъэсхэм мы IэнатIэм республикэм зыужьыныгъэ зэрыщигъуэтар. 2025 гъэм и закъуэ школыщIэу 6, Налшык къалэм дэт поликиникэ №1-р (зы жэщ-махуэм цIыху 500 екIуалIэу), Кэнжэ дэт амбулаторэр, нэгъуэщIхэри яухуащ. Апхуэдэуи къыхэгъэщын хуейщ ухуэныгъэ IуэхухэмкIэ республикэр СКФО-м и мызакъуэу, Урысей Федерацэми щыпашэхэм зэращыщыр, - жиIащ Егоровэм.

Гугъуехьхэр зэрыщыIэри къигъэлъэгъуащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым. Псом япэу ар ухуэныгъэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр екIурэещхьу зэрырамыгъэкIуэкIым игъэтхьэусысхэу Парламентым зыкъыхуэзыгъазэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуаращ. ПсэупIэхэр щатын хуей пIалъэм щыщIрагъэгъуи, абыхэм цIыхухэр тыншу щыпсэуным лъэпощхьэпо хуэхъу ныкъусаныгъэхэри щыIэщ.

- Президиумым и зэIущIэм ипэ къихуэу, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим зи пашэ гуп, республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министерствэм, Налшык щIыпIэ администрацэм, ухуэныгъэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр ящIыгъуу, лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ «Восточный» хьэблэм. Абыхэм зрагъэлъэгъуащ унэтIыныгъэ куэду зэхэт республикэ гимназиери. Депутатхэм Iэмал яIащ ухуэныгъэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэм зегъэужьынымкIэ жыпхъэр зэрагъэзащIэр къапщытэну», - пищащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Журавлёв Андрей жиIащ 2025 гъэм «Ухуэныгъэ» лэжьыгъэмкIэ зэфIагъэкIам сом мелард 45,8-рэ къызэрыпэкIуар. КъБР-м ухуэныгъэ IэнатIэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ зыщегъэужьыным теухуауэ щыIа къалэн гъэбелджылахэм япкъ иткIэ, 2035 гъэм ирихьэлIэу псэупIэу яухуэр псори зэхэту зы илъэсым метр зэбгъузэнатIэ мин 761-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэ хъун хуейщ.

2025 гъэм псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 642,5-рэ ящIащ - 2024-м елъытауэ проценти 6-м нэблагъэкIэ нэхъыбэ. 2026 гъэм къалэн зыхуагъэувыжащ метр зэбгъузэнатIэ мин 580-м нэс зрагъэхъулIэну.

2023 - 2025 гъэхэм фэтэр куэду зэхэт унэхэр яухуэну хуит зыщI тхылъ 16-рэ (метр зэбгъузэнатIэ мин 343-рэ къызэщIиубыдэну) унэй псэупIэхэр яухуэн зэрыщIадзам теухуа хъыбарегъащIэ 36-рэ иратащ. 2025 гъэм яублащ псыкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэр зыхуей хуэгъэзэным теухуа лэжьыгъэр.

Нэгъабэ республикэм зэIузэпэщ щащIа жылагъуэ щIыпIэ 40-м щIыналъэм и дахагъми хигъэхъуащ цIыхухэм я псэукIэри нэхъ тынш ищIащ. А лэжьыгъэм сом мелуан 265-м нэблагъэ текIуэдащ. 2026 гъэм апхуэдэ Iуэхухэм хухахыну мылъкур нэхъыбэ ящIынущ: муниципальнэ ухуэныгъэхэм - сом мелуан 234-рэ, урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуа IуэхущIапIищым - сом мелуан 330-м нэблагъэ.

Налшык къалэм дэт «Мей», «Восточный» хьэблэщIэхэм ухуэныгъэхэр щокIуэкI. Ахэр 2030 гъэ пщIондэ яухыну я мурадщ. Япэм метр зэбгъузэнатIэ мин 300-м щIигъу щаухуэнущ, етIуанэм - метр зэбгъузэнатIэ зы мелуаным нэблагъэ.

2026 гъэм ухуэныгъэм ехьэлIауэ зэфIагъэкIыну лэжьыгъэхэм сом мелард 51-рэ хуэзэнущ.

Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз къызэщIикъуэжащ 2025 гъэм и мазэ 11-м къурикIуахэр. Росстатым къызэритамкIэ, Налшык къалэм ухуэныгъэ лэжьыгъэу щекIуэкIар сом мелуан 539-м нэсащ, фэтэр 2499-рэ яухуащ, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 215,5-рэ хъуурэ.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм 2019 гъэ лъандэрэ щIыналъэхэм зэрызрагъэужь Iэмалхэр къызэрыщагъэсэбэпым и фIыгъэкIэ, ехъулIэныгъэ яIэу хьэблитI («Восточный», «Мей») яухуэным иужь ихьащ. А проектыр КъБР-м и Правительствэм хигъэхьащ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр езыгъэфIэкIуэну Iуэхухэм. КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу абдеж къыщыунэхунущ иджырей мардэ псори къыщылъыта псэупIэхэр. УнэщIэхэм цIыху мин 50-м щIигъу щIэхуэну тращIыхь.

Иджыпсту лэжьыгъэ нэхъыщхьэр щокIуэкI «Восточный» хьэблэм. ЩIы гектари 146-м ухуэныгъэхэр щызэтраублащ, абы хэту метр зэбгъузэнатIэ мелуаным щIигъу дращIеинущ, абы щыщу мин 974-р псэупIэм щыщу.

Ахъуэхъум жиIащ «Ущыпсэуну къемызэгъ унэхэр гъэмэщIэныр къызэгъэпэщын» федеральнэ проектыр гъэзэщIэныр зэрыгугъур.

«ЩIыналъэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» (КРТ-м) программэм къызэригъэувымкIэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу муниципальнэ мылъкум хагъэхьэнущ псэупIэ метр зэбгъузэнатIэ мин 13,8-рэ. Абыхэм къыщыщIадзэнущ щхьэусыгъуэ къыщыкъуэкIкIэ цIыхухэр пIалъэкIэ зыщIэсыну псэупIэхэр зэгъэпэщыныр - фэтэр миным нэхърэ мынэхъ мащIэ хъууэ.

2024 гъэм и дыгъэгъазэм «Восточный» хьэблэм IункIыбзэIуххэр щратащ япэу яухуа унэхэм щIэтIысхьэжхэм. Унагъуэ 246-м фэтэрхэр къаIэрыхьащ жыы хъуа унэхэм къыщIэгъэIэпхъукIынымрэ псэупIэхэр егъэфIэкIуэнымрэ теухуа программэхэм япкъ иткIэ.

- Дызэрыт илъэсми а лэжьыгъэм пыдощэ. ЩIышылэм и 31-м иджыри фэтэри 124-м я IункIыбзэIуххэр иратащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, жьы хъуа унихым щIэсахэр илъэситIым къриубыдэу псори дгъэIэпхъуащ, коммунальнэ унищым щIэсам и ныкъуэр къыщIэдгъэкIащ (унагъуэ 363-рэ), - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ КРТ-м ипкъ иткIэ, унэ зыухуэхэм езанэ къатыр къалэм зэрыратыр. Абыхэм къыщызэрагъэпэщынущ библиотекэхэр, гъуазджэхэмкIэ школхэр, полицэм и пунктхэр, нэгъуэщI щхьэпэ куэди. ЗэгурыIуэныгъэхэм къыщагъэлъагъуащ апхуэдэ пэшу метр зэбгъузэнатIэ 2100-рэ. Унэ зыухуэхэм зэрызыщIагъакъуэ Iэмалу Налшык къалэм щыIэщ щIы бэджэнду къызэращтэ уасэмкIэ хуэгъэкIуатэ зэраIэр. «Восточный» хьэблэм школхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ дэтынущ.

«Мей» хьэблэм и гугъу щищIым, къэпсэлъам къыхигъэщащ проектыр ДОМ.РФ IуэхущIапIэм зэрызэхилъхьар икIи 2021 гъэм къызэращтар. Ухуэныгъэхэр 2022 гъэм екIуэкIа аукционым кърикIуахэм япкъ иткIэ къызэрагъэпэщ, илъэсибл пIалъэм тещIыхьащ. Абы щыщу 2025 гъэм метр зэбгъузэнатIэ мин 22-рэ хъу унэр ятащ. 2026 гъэм иджыри унитI (зэбгъузэнатIэ мин 50) яухыну я мурадщ. Мы зэманым ухуэныгъи 8-м и Iуэху зэрахуэ, тхум ухуэныгъэмкIэ хуитыныгъэ яIэххэщ.

Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуащ иджырей мардэхэм тету къэгъэщIэрэщIэжын хуей щIыпIэхэри къалэм зэриIэр.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ Парламентым зыкъызэрыхуагъазэ Iуэхухэм. Псом хуэмыдэу унэ щащIкIэ цIыхухэм я ахъшэ зэрыхалъхьар зэрахъумэну Iэмалхэм, псэупIэхэм я уасэхэм, хьэблэщIэхэр ущыпсэункIэ тыншу щытыным, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч жиIащ «правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу «Восточный» хьэблэм депутатхэр зэрыщыIам и фIыгъэкIэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр къапщытэну Iэмал зэраIар, тыншу упсэун папщIэ зыхуеину псори абы къызэрыщызэрагъэпэщыр я нэкIэ зэрызрагъэлъэгъуар.

ЗэIущIэм щыжаIахэр къэлъытауэ къащтащ жэуап зыхь IуэхущIапIэхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

● НАК-р илъэс 20 щрикъум ирихьэлIэу

Шынагъуэншагъэр яхъумэ

Гъатхэпэм и 10-м илъэс 20 ирокъу Терророрым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетыр (НАК) къызэрызэрагъэпэщрэ.

IЭНАТIЭР къэунэхуным щхьэусыгъуэшхуэ иIащ. 2004 гъэм и фокIадэм Беслъэн къалэм дэт курыт еджапIэм щIэпхъаджагъэ щалэжьам цIыху 342-рэ (186-р сабийуэ) хэкIуэда иужькIэ, Урысейм и Президент Путин Владимир унафэ ищIауэ щытащ министерствэхэр, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэр, жылагъуэр Iуэхум къыхэшауэ терроризмэм зэрыпэщIэтым бгъэдыхьэкIэщIэхэр къыхуагъуэтын хуейуэ.

Апхуэдэу 2006 гъэм къызэрагъэпэщащ Терророрым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетыр. Абы хэтщ терроризмэм пэщIэтыныр зи пщэ дэлъ министерствэ нэхъыщхьэхэм я унафэщIхэр. НАК-р къызэрызэрагъэпэщрэ абы и тхьэмадэщ Урысейм шынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ IэнатIэм и унафэщI Бортников Александр.

IуэхущIапIэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ: щIыналъэм терроризмэм пыщIауэ къыщыхъу щIэпхъаджагъэхэм зыщыхъумэнымрэ ахэр гъэкIуэдынымрэ, профилактикэ Iуэхухэр егъэкIуэкIыныр, щIэпхъаджагъэхэр къызыхэкI щхьэусыгъуэхэр къэхутэнымрэ абыхэм я Iэужьыр гъэкIуэдыжынымрэ хабзэхэр егъэфIэкIуэныр, къулыкъущIапIэхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IэнатIэхэмрэ терророрым пэщIэтыным теухуауэ зэдэгъэлэжьэныр, а Iуэхухэр къыщаIэт дунейпсо зэхыхьэхэм хэтыныр, терророрым пэщIэтынымкIэ унафэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныр.

Къэбгъэлъагъуэмэ, мы Iуэхухэм ехьэлIауэ IэнатIэ псори зэгъэуIуауэ зэрызэдэлэжьам и фIыгъэкIэ, Урысейм щызэтраублэфащ щIэпхъаджагъэхэр къамыгъэхъуу апхуэдэхэр псынщIэу къызэпаудыныр. Къэралым и дэтхэнэ щIыналъэми терророрым пэщIэтынымкIэ комиссэхэр щолажьэ, цIыхухэр шынагъуэншэу псэуныр къызэрагъэпэщу. Къэбэрдей-Балъкъэрым Терророрым пэщIэтынымкIэ и комиссэм и лэжьыгъэр къызэрегъэпэщ УФ-м и Конституцэм, федеральнэ хабзэхэм, Урысей Федерацэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я унафэхэм, республикэм и законхэм тету. Абы гулъытэ хэха хуещI цIыхухэм терроризмэм и купщIэмрэ ар жылагъуэм дежкIэ зэрышынагъуэмрэ ягурыгъэIуэным, терроризмэм пэщIэтыным зэран хуэхъу политикэ, социально-экономикэ Iуэхугъуэхэр къэпщытэным. Комиссэм и унафэщIыр, зэрыхабзэу, щIыналъэм и Iэтащхьэрщ.

Мазаем и 24-м УФ-м и Президент Путин Владимир къэралым ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ IэнатIэм и зэIущIэм къыщыщыпсалъэм къыхигъэщащ терророрым зэрыпэщIэт Iэмалхэр ирагъэфIэкIуэн зэрыхуейр. «БлэкIа илъэсым терроризмэм епха щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэм хэхъуащ. Абыхэм я нэхъыбэр зи IэрыкIыр, иужьрей илъэсхэми хуэдэу, украинэм и IэнатIэ хэхахэрщ. Апхуэдэ шынагъуэхэм нэхъ псынщIэу дыпэджэжыным ди къарур лъэныкъуэ куэдкIэ хузэщIэдгъэуIуапхъэщ. А лэжьыгъэр иригъэкIуэкIыпхъэщ Терророрым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым. ЖыпIэнурамэ, мы гъэм а IуэхущIапIэр илъэс 20 ирокъу. Къыхэзгъэщынщи, а зэманым къриубыдэу НАК-м хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ терроризмэм зэрыпэщIэт иджырей Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэр убзыхуным, абыхэм къэралым зыщегъэужьыным. Ауэ, зэрыжысIауэ, адэкIи ди нэIэ тедгъэтын хуейщ террор ди къэралым къыщымыгъэхъуным».

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Абы хуейр дэращ

Зи ныбжьыр илъэси 100 ирикъуа «Адыгэ псалъэ» газетым ныбжэгъуфI куэд къыдогъуэгурыкIуэ, щIэджыкIакIуэ куэд иIащ, зи Iэпэгъухэри яхэтщ иджырей щIалэгъуалэми. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, абы и тхыдэм къыхэщыж пщIэмрэ гулъытэмрэ хуэдэ нобэ иIэжкъым. Ар «Адыгэ псалъэм» и закъуэкъым зэхьэлIар, атIэ тхылъымпIэм тету къыдэкI сыт хуэдэ газетми и нобэрей дунейщ.

МЫПХУЭДЭ къыдэкIыгъуэхэм япэм яIа мыхьэнэм куэдкIэ зихуэжащ, абы и къалэным и нэхъыбэр иджыпсту зыгъэзащIэр гаджетхэмрэ иджырей технологие лъэрызехьэхэмрэщ. Ауэ, итIани, лъэпкъыбзэм и хъумакIуэ нэхъыщхьэ, литературэбзэм и кIыщ адыгэ газетым и гъуэгур зэпыбупщI хъунукъым, иIэ мыхьэнэр зэпомышэчауэ.

КъыдэкIуэтей щIэблэм ямыцIыхунукIэ хъунущ газетыр, ауэ ар тезыдзэхэр, фIыуэ зылъагъухэр иджыри дызэриIэм гур хегъахъуэ, газетым и Iулыджыр яIэт, дыгъуасэмрэ нобэмрэ зэпащIэу къытхуотхэ, къыдопсалъэ.

Иджыблагъэ и гупсысэхэр къыщыIуэта, «Адыгэ псалъэм» хуиIэ ныбжьэгъугъэмрэ пщIэмрэ къызыхэщ тхыгъэ къытхуигъэхьащ Джэрмэншык къуажэм дэс Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ, егъэджакIуэу, еджапIэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа Лlуп Нурхьэлий:

«Адыгэхэм илъэси 100 ипэкIэ газети тхылъи диIакъым, диIами, еджэфынур мащIэ дыдэт. Октябрь революцэм лъэпкъ мащIэхэм къытхуихьащ еджэнри тхэнри. Пэжщ, апхуэдэу жыпIэмэ, иджы зи жагъуэ хъухэри щыIэщ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, революцэм иужькIэ адыгэм и щэнхабзэм, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм, экономикэм зауужьынымкIэ лэжьыгъэ ин иригъэкIуэкIащ фIыуэ тлъагъу ди адыгэ газетым.

Си щхьэр къэсщтэнщи, гъащIэм си еплъыкIэр куэдкIэ нэхъыфI ищIурэ илъэс 75-м щIигъуауэ къыздогъуэгурыкIуэ мы газетыр. Абы япэ дыдэ сэ сыщрихьэлIар Хэку зауэшхуэр щекIуэкI лъэхъэнэрт. Жэщри махуэри я зэхуэдэу колхозхэтхэр губгъуэм итт: вэрт, сэрт, пщIэрт, гъавэ Iуахыжырт, мэкъумылэ ягъэхьэзырырт.

Дэ нэхъыщIэхэри абыхэм дэIэпыкъуэгъу дахуэхъурт: псы къахуэтхьырт, щIэпыр культивацэ щащIкIэ, гъавэ къыщрашэкIкIэ шы, вы Iумпlэхэр яхуэтIыгъырт, выщхьэтесу, прицепщикыу дылажьэрт, гъавэр элеваторым шыгукIэ, выгукIэ тшэрт.

А зэман гугъум шэджагъуэ зыгъэпсэхугъуэ къэс «Къэбэрдей пэж» газетым зауэм теухуауэ тет хъыбархэм, Къэбэрдейм, къэралым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм бригадэ учетчикыу лажьэхэу Къардэн Башир, Лlуп Хьэжысмел, Балъкъыз ХьэкIашэ сымэ къахуеджэрт лэжьакIуэхэм. Ахэр теухуат Дзэ Плъыжьыр ипэкIэ кIуэн, ди текIуэныгъэр къэблэгъэн папщIэ екIуэкI лэжьыгъэхэм, зауэм Iут ди лIыхъужьхэм ди лэжьакIуэхэм зэрызыкъыхуагъазэ псалъэхэм.

А зэманым телевизор щыIэтэкъым, радиор нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэхакъутауэ лажьэртэкъым. Къэралым, республикэм щекIуэкI Iуэхур къэрипщIэну щыIэр газетырт. Дэ фIыуэ тлъагъу адыгэ газетым тет къыхуеджэныгъэхэм едаIуэ лэжьакIуэхэм къаруущIэр къахилъхьэрт. Ди колхозхэтхэм я лэжьыгъэфIым теухуауэ сэри си тхыгъэ цIыкIу газетым къытехуауэ щытащ икIи абы лъандэрэ зэныбжьэгъуфIу дыкъыздокIуэкI. Абы къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым сэ Iэ тызодзэ адыгэ газетым.

Зауэ лъэхъэнэм, абы иужькIи поштзехьэу лэжьахэу Джыназ Дзадзырэ, Фокъуэ Жилэ (я хьэдрыхэ фIы Тхьэм ищI) сымэ шууэ районым, япэщIыкIэ Вольнэ Аул, итIанэ Нартан кIуэуэрэ уэшх къешхми, уэс къесми къамыгъанэу, и чэзум газетхэри письмохэри къытIэрагъэхьэу щытащ.

1956 - 1957 гъэхэм ди институтым и студентхэр гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм Къэзахъстаным щIыщIэ къыщаIэтырти, абы дыщылэжьащ. А лъэхъэнэм дэнэ къикIынт адыгэ газетыр, ауэ дыкъэкIуэжа нэужь, институтым и еджапIэ пэшым сыщIэтIысхьэрти, махуитI-щыкIэ сыщIэст, къыдэкIыгъуэ сызэмыджахэр щIэзджыкIыжу.

Иджыри сыкъэтыну зыщIыпIэ сыкIуамэ, унэм щIэсхэм я къалэнщ зы газет мычэму сыкъэкIуэжыху схуахъумэну. А къомыр къыщIезгъэкIуэкIыр уи бзэкIэ къыдэкI газетыр уи гум къызэрыдыхьэм хуэдэу зы газети зэрыпхуэмыхъунурщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ди бзэкIэ къыдэкI газетыр адыгэ унагъуэ мащIэ дыдэщ зэрыхьэр. Иджыпсту «Адыгэ псалъэ» газетым и тиражыр зэрыхъур 1300-м нэсыркъым. Ар адыгэ лъэпкъым и дежкIэ сфIэемыкIущ.

УщрихьэлIэ щыIэщ къулыкъуфI яIыгъыу, ахъшэфIи къалэжьу, ауэ я бзэкIэ къыдэкI газетыр къаIэрымыхьэу. Щхьэ «Адыгэ псалъэ» гзетым Iэ тумыдзэрэ жыпIэмэ, «сэ адыгэбзэкIэ сыкъеджэфыркъым», - жиIэу.

Газетым и тиражыр зэрымащIэм щхьэусыгъуэ гуэрхэри иIэщ. Абыхэм ящыщу сэ къызолъытэ, абы и уасэр зэпымычу зэрыхэхъуэр, газетыр щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ и зэманым цIыхум зэрыIэрамыгъэхьэр, журналистхэр къуажэхэм зэрымыкIуэр, лэжьакIуэхэм зэрахуэмызэр, унафэщIхэр дэIэпыкъуэгъу зэрамыщIыр, езы газетри зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэ махуэм нэхъ гъэщIэгъуэн зэрамыщIыр. Ди нэхъыжьхэм зэрагъэпэща къэрал мылъкур къэзымылэжьахэм зэрызрахьэлIэжыр къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэхэр, фельетонхэр къызэрытемыхуэм газетеджэхэри абыхэм нэхъ мащIэ ящI.

Иджы ямыдэж Компартым щыгъуэ фIыуэ лажьэри дыгъуэгъуакIуэри газетым къытрадзэу щытащ, къэрал мылъкум Iэ щIыIэкIэ хэIэбэхэм, зи къулыкъур зи щхьэкIэ, зи унагъуэкIэ къэзыгъэсэбэпхэм я цIэ кърaIуэфырт. Иджы псори щхьэхуиту жаIэ, ауэ зы критикэ тхыгъэ щыIэжкъым.

1992 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым си тхыгъэ тетащ «Дыгъуасэ зы жытIащ, нобэ нэгъуэщI ящIэ», - жиIэу. Ар теухуат япэм ди къэралыр зэрыщытам, иджы зэрыхъуам.

А тхыгъэр къабыл ящIу зытхухи къыпэджэжащ, ауэ абыкIэ мыарэзыуэ зы къыхэкIащ. Иджы ди гъащIэр, псэукIэр нэхъыфI хъуауэ, нэхъыфIыжи хъуну жиIэу. А «гъащIэфI» къэкIуэнум зы илъэскIэ сыпэплъащ, ауэ нэхъыкIэ зэрыхъуар слъагъурти, абы теухуауэ аргуэру стхащ, ауэ къытехуакъым. АтIэ дауэ дэ гъащIэм щекIуэкI мыхъумыщIэр къызэрытщIэнур, ар дауэ гъэкIуэда зэрыхъунур, нэхъыщхьэхэм жаIэ нэхъыфIхэм фIэкIа газетым къытемыхуэмэ, ари ямыгъэзащIэмэ, зыгъэзэщIэнум абыкIэ зы жэуапи имыхьмэ?

Мис апхуэдэ Iуэхухэми нэхъ мащIэ ящI газетеджэхэм я бжыгъэр, дэ ди ныбжьхэм я деж. «Адыгэ псалъэм» мы зэманым, сэ сызэреплъымкIэ, лэжьакIуэфIхэр иIэщ, си гугъэщ абыхэм куэд яхузэфIэкIыну. ТхыгъэфIхэр я Iэдакъэ къыщIэкIыу щытауэ сигу къинэжащ Унэгъэс Мухьэрбий, Молэ СултIан, Бицу Мишэ, Джэдгъэф Хъусен, Дэцырхъуей Мусэрбий, Гумэ БетIал, Бахъуэ БетIал сымэ.

Ди газетым адыгэбзэ зымыщIэхэр хуейкъым, абы хуейр дэращи, къыхуедвгъаджэ дэтхэнэ зы адыгэри и бзэкIэ къыдэкI газетым Iэ тридзэным.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Я зэфIэкIыр къагъэлъэхъшэнукъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ щыхэплъэжащ 2025 гъэм я лэжьыгъэм кърикIуахэм, щытепсэлъыхьащ дызыхыхьа илъэсым япэ игъэщыпхъэ Iуэхугъуэхэм икIи щагъэбелджылащ 2030 гъэ пщIондэ ягъэзэщIэну къапэщылъ къалэн нэхъыщхьэхэр. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Говоров Сергей, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, Жылагъуэ советым, IэнатIэм къепхауэ лажьэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

● ЗэIущIэхэр

ЗЭIУЩIЭМ къыщыхагъэщащ, лъэпкъ пэхуэщIэхэм лэжьэн зэрыщIадзэрэ республикэм и автомобиль гъуэгуу километр 1200-м щIигъу къызыхуэтыншэу зэрызэрагъэпэщыжар, километр 440-м иджырей уэздыгъэхэр зэрыщыпадзар. «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ 2025 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я фIагъыр къэралым къыщалъытащ. ЩыIэ мардэм хуагъэкIуащ объекту 50-м щIигъу, псори зэхэту километр 86-м щIигъу зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгу, абы щыщу объект 24-р щIыналъэ гъуэгу сетым хыхьэу, лъэмыж зэхуэмыдэу 14 хэту.

ЩIыпIэ гъуэгу сетым хыхьэу къуажэ щIыпIэу 6-м, псори зэхэту километри 10-м нэблагъэ зи кIыхьагъ я уэрамхэр зэIузэпэщ ящIащ. Республикэм и къалащхьэм и уэрам нэхъыщхьэхэр зыхуей хуагъэзащ, щIыналъэм и автомобиль гъуэгухэм хыхьэу километр 80-м уэздыгъэхэр щыпадзащ, километр 25-м и гъунэм къэухьэр щагъэуващ, километр 45-рэ зи кIыхьагъ лъэс лъагъуэхэр щаукъуэдиящ, автобус къэувыIэпIэхэм деж иджырей павильону 100-м щIигъу щагъэуващ. А псом я фIыгъэкIэ, цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ тыншыпIэмрэ къызэгъэпэща хъуащ.

2026 гъэм иджыри автомобиль гъуэгуу километри 143-рэ щыIэ мардэм хуагъэкIуэнущ, абы щыщу щIыналъэ сетым и объекту 17-рэ лъэмыжи 3-рэ хэту. Проект нэхъыщхьэхэм хохьэ Шэджэм ЕтIуанэ, Булунгу къуажэхэр зэпызыщIэ гъуэгур и кIэм нэсу мы гъэм зэгъэпэщыжыныр, къуажэ зыбжанэм я зэхуэкухэм дэлъ гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэныр, Налшык къалэм къыпекIуэкIыну гъуэгур ухуэным и япэ Iыхьэр егъэжьэныр.

2030 гъэ пщIондэ зэлэжьыну Iуэхугъуэхэм хохьэ щIыналъэм и автомобиль гъуэгу нэхъ инхэм я щхьэфэм псоми асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ телъхьэныр. Псалъэм папщIэ, Чернэ Речкэрэ Благовещенскэрэ я зэхуаку дэлъ, километр 12,7-рэ зи кIыхьагъ гъуэгур апхуэдэу мы гъэм ящIынущ. Километри 6,5-рэ зи кIыхьагъ Нарткъалэ - Уэзрэдж - Урыху Ищхъэрэ автомобиль гъуэгуми лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ.

Япэм щымыIауэ 2026 гъэм ди республикэм къыхуаутIыпщынущ сом меларди 2,7-рэ икIи псори зэхэту километр 65-рэ зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгухэр иджырей мардэм хуэгъэкIуэным ар трагъэкIуэдэнущ. Лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ щIыналъэм и муниципалитету 5-м.

Апхуэдэуи, адрейхэм къадэкIуэу, республикэм и къуажэ, къалэ нэхъ инхэм я гъуэгухэри зыхуей хуагъэзэн щIадзэнущ икIи 2030 гъэ пщIондэ ахэр псори щыIэ мардэм кърагъэтIэсэнущ.

2026 гъэм Налшык и уэрамхэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ, абы къызэщIрагъэубыдэнум и куэдагъым хуэдиз япэм щымыIауэ. Абы нэмыщI, дызэрыт илъэсым щегъэжьауэ къалэм и хьэблэхэм я уэрамхэри илъэсищ программэм хагъэхьащ. Мы гъэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIынущ Кэнжэ, Хьэсэней къуажэхэмрэ, Налшык къалэм машинэхэр куэду щыщызэтрихьэ къэхъу «Стрелка», «Горная», «Александровка» и хьэблэхэм.

Къэбгъэлъагъуэмэ, къалащхьэм и объекту 50-м нэблагъэ, псори зэхэту километр 30-м щIигъу гъуэгуу, зыхуей хуагъэзэнущ дызэрыт илъэсым.

Мыдрейуэ, 2025 гъэм къриубыдэу транспорт Iуэхутхьэбзэу мелуан 23,7-рэ республикэм щалэжьащ. Дызэрыт илъэсым автобусыщIэу 13 къащэхунущ.

Нэгъабэ Налшык къалэм и кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэм Iуэхутхьэбзэхэр зыхуищIа цIыхухэм я бжыгъэм процентти 10,6-кIэ хэхъуащ, абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм елъытауэ. 2026-2028 гъэхэм аэропортым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр игъуэтынущ, аэродромым и инфраструктурэр ирагъэфIэкIуэнущ. А лэжьыгъэхэм псори зэхэту сом меларди 4,1-м нэблагъэ хухахынущ. Республикэм билет уасэхэр субсидие щыным, маршрутхэмрэ рейсхэмрэ я бжыгъэм хэгъэхъуэным адэкIи щыпащэнущ.

Гъуэгум щызекIуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэщIа инфраструктурэр егъэфIэкIуэныр япэ игъэщыпхъэ къалэнхэм хохьэ. ЖыпIэнурамэ, «Республикэ шынагъуэншэ» комплекс щIыналъэм щолажьэ, абы къызэщIеубыдэ сурэтхэр зэрытрах видеокамерэу 1700-м нэблагъэ, хабзэхэр къызэпызыудхэр занщIэу зытх икIи хуэфащэ тезыр ятезылъхьэ IэмэпсымыхэрI. Жэщ-махуэ имыIэу мэлажьэ «112» системэр икIи ехьэкIыпIэ зимыIэ дэIэпыкъуныгъэхэм хуэныкъуэу мин 295-рэ абы зыкъыхуагъэзащ нэгъабэ.

Къызэхуэсахэр зэIущIэм и кIэм тепсэлъыхьащ IэнатIэм и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм икIи къыхагъэщащ гъуэгу-транспорт системэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыныр япэ зэригъэщыпхъэр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ЩIэ

Щэнхабзэхэр гъунэгъу зэхуещI

«Уи адэм хуэфэщэну жьантIэр къылъыгъэс»,
«Уи анэм хуэIэдэб уэ махуэ къэс».
Адыгэ хабзэр ар чэнджэщ къызэрыгуэкIкъым,
Зи купщIэм къыпэхъун щымыIэ Iущагъщ.

Адыгей, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ, Кубаным гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым, Островскэм я цIэкIэ щыIэ литературэ саугъэтхэм я лауреат, Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь МэшбащIэ Исхьэкъ иджыри зы тхылъыщIэ къыдигъэкIащ.

«Поэзия - радость моя и горе мое» усэхэр щызэхуэхьэса къыдэкIыгъуэр утыку къыщрахьащ Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ библиотекэм.

ТхылъыщIэм ихуащ илъэс зэхуэмыдэхэм усакIуэм итха усэ 56-рэ сатыриплI хъу 213-рэ. Ахэр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуащ. Ауэ МэшбащIэм зэрихьэлщи, нэхъыбэм къыхэщыр хэкум, адэ-анэм хуиIэ лъагъуныгъэрщ. Зым и дежкIи щэхукъым абы къызыхэкIа лъэпкъым и беягъыр, и лъахэм и дахагъыр хъуэпсэгъуэу къызэригъэлъэгъуэфыр, и бзэр гъатхэ жыг хадэу къызэрызэрытIэпIыкIыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым.

«Усыгъэр ар талантышхуэщ. Гъуазджэм и дунейм ухыхьэныр зэчийм и закъуэ елъытакъым, атIэ уемызэшу улэжьэн хуейщ. КъищынэмыщIауэ, егъэджакIуэ нэхъ лъэщ дыдэм - гъащIэм - узыхуигъасэхэр зыхэплъхьапхъэщ, цIыхубэм я гурыгъу-гурыщIэхэм ущыгъуэзапхъэщ. Мис ахэр Iэрыхуэу дебгъэкIуфрэ уи зэчийм - итIанэщ лъэныкъуэ куэдкIэ зызыужьа, псэкупсэ къулеягъ зыбгъэдэлъ иджырей тхылъеджэм ущызыхищIэнур», - жеIэ Исхьэкъ.

Философие куу зыщIэлъ гъуэгуанэщ усакIуэм къикIуар. Гъуазэ хъур и адыгэбзэмрэ абы хуиIэ лъагъуныгъэмрэт. Ущыуэну къыщIэкIынкъым МэшбащIэ Исхьэкъ тхакIуэ зыщIар и анэдэлъхубзэрщ, и адыгэ хабзэрщ, къыщалъхуа и жьэгужьырщ жыпIэмэ. Ахэр сыт щыгъуи япэ иригъэщу къогъуэгурыкIуэ ар.

ТхылъыщIэм иращIэкIа зэIущIэм зыкърезыгъэхьэлIа, Адыгэ Республикэм и ЛIыщхьэ КъумпIыл Мурат жиIащ МэшбащIэр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым зэрылъэIэсыр.

«ТхылъыщIэр тхакIуэм и илъэс 95-м техуэу Грибоедовым и цIэр зэрихьэу Москва щыIэ университетым Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ирихьэлIэу къызэрыдигъэкIам мыхьэнэшхуэ иIэщ, сэ сызэреплъымкIэ. АдыгэбзэкIэ тхэ МэшбащIэ Исхьэкъ и IэдакъэщIэкIхэр и лъэпкъыбзэрщ зэрызэфIэувар, урысыбзэкIэ зэрызэрадзэкIам и фIыгъэкIэ, къэрал псом и хъугъуэфIыгъуи ахэр хъуащ. УсакIуэм и псалъэхэм щэнхабзэхэр гъунэгъу зэхуащI, адыгэ хабзэм и къулеягъыр ягъэлъагъуэ, дызыхэпсэукI щэнхабзэ щIэиныр ягъэбагъуэ.

Ди нэхъыжьыфIым сохъуэхъу илъэс куэдкIэ узыншагъэ иIэну, и IэдакъэщIэкIыщIэхэр ехулIэныгъэкIэ куэдрэ иджыри ди пащхьэ къихьэну. Шэч къытесхьэркъым «Поэзия - радость моя и горе мое» тхылъыр МэшбащIэ Исхьэкъ и творчествэм иджыри щымыгъуазэхэм я дежкIэ къэхутэныгъэ гуапэ зэрыхъунур. Абы щIэджыкIакIуэхэм куэд къыхахыфынущ адыгэхэм я гупсысэкIэм, дуней тетыкIэм, къэрал зэкъуэтым щыпсэуну зэрыхущIэкъум теухуауэ. УвыпIэ щхьэхуэ яубыд цIыхум и псэр фIыуи Iейуи зэрыщытыфынум теухуа сатыриплIу зэхэлъ философие усэхэми, - жиIащ КъумпIыл Мурат.

Усэ тхылъым и тиражым и Iыхьэ щанэм щIигъур Адыгейм и библиотекэхэмрэ школхэмрэ иратынущ.

Тхыгъэри сурэтри
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ *ейщ.*

ЕрыскъымкIэ бэлэрыгъыркъым

2025 гъэм Урысей Федерацэм мэкъумэш продукцэу къыщрахьэлIэжам процентти 5-кIэ хэхъуащ. Хьэцэпэцэм и куэдагъымкIэ ди тхыдэм щыещанэу гъавэ бэв кърахьэлIэжащ нэгъабэ. Джэш хъуреймкIэ, соемкIэ, рапсымкIэ щыIа бжыгъэхэми хагъэхъуащ.

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм къэралым езыр зрикъуным хуэдиз жылапхъэр, лы-джэдкъазылыр, бдзэжьейр, фошыгъур, сэхуран дагъэр къелэжьыж. ЖыпIэнурамэ, УФ-р жылапхъэмкIэ къызэрызэгъэпэщар процентти 161-рэ, бдзэжьейрэ бдзэжьейхэкIхэмкIэ процентти 128,8-кIэ, лырэ джэдкъазылымкIэ процентти 102,-кIэ, кIэртIофымкIэ процент 97,7-кIэ, хадэхэкIхэмрэ хъарбыз-хъэуанхэмкIэ процент 89,6-рэ хъуащ нэгъабэ.

Иджыпсту мэкъумэшыщIэхэм я къалэн нэхъыщхьэр - зыхуагъэувыжа мардэхэр щамыгъэзэщIауэ щыIэ унэтIыныгъэхэмкIэ лэжьыгъэхэр щыщIагъэхуэбжьэнырщ. Псалъэм къыдэкIуэу, гъэшымкIэ, хадэхэкIымкIэ, мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмкIэ - нэгъабэ абыхэм я куэдагъми хагъэхъуауэ щытми.

Къыхэдгъэщынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмкIэ къэралым щынэхъыфIхэм яхохьэ икIи абы и продукцэхэм щIэупщIэ щаIащ щIыналъэ куэдым, я фIагъымрэ экологие и лъэныкъуэкIэ зэрыкъабзэмрэ къалъытэу.

Урысей Федерацэм и АПК-м лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирегъэкIуэкI, селекцэмрэ генетикэмрэ зрагъэужькIэрэ иджырей технологиехэр къагъэсэбэпу, продукцэу къыщIигъэкIым и фIагъым хэгъэхъуэнымрэ абы трагъэкIуадэмрэ гъэмэщIа хъуным хуэгъэпсауэ.

БЭБЭЧ Башир.

Дунейм щыхъыбархэр

Урысейр дэIэпыкъуэгъу хъунущ

Щэбэтым США-мрэ Израилымрэ Ираным хуэгъэзауэ дзэ Iуэхухэр ирагъэжьащ. Тель-Авив щыжаIащ Тегеран ядернэ Iэщэр Iэрамыгъэхьэн папщIэ ар зэрызэхаублар.

США-м и Президент Трамп Дональд хэIущIыIу ищIащ Ираным и флотымрэ зыхъумэжыныгъэ промышленностымрэ зэтрикъутэн мурад зэриIэр, апхуэдэуи къэралым и цIыхухэри къыхуриджащ щIыпIэм политикэ унафэ щызезыхьэхэр я къулыкъум традзыну. Тегеран абы и жэуапу Израилым и щIыналъэми КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIэ америкэ дзэ базэхэми йобгъэрыкIуэ.

Урысейм Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм США-мрэ Израилымрэ Ираным зэребгъэрыкIуар акъылыншэ лъэбакъуэу къилъытащ икIи икIэщIыпIэкIэ щытыкIэр мамырыгъэм хуагъэкIуэжыну къигъэуващ. Ведомствэм и унафэщI Лавров Сергей Ираным хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Аракчи Аббас щепсалъэм жиIащ къэралым IэщэкIэ зэрытеуар къуаншагъэу зэралэжьар. Абы къыхигъэщащ щытыкIэр зэпIэзэрыт щIыжынымкIэ Москва дэIэпыкъуэгъу хъуну зэрыхьэзырыр, ООН-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советми а еплъыкIэр щыпхыгъэкIынми и Iуэху зэрыщызэрихуэнур.

IэщIагъэлIхэр зэрахуримыкъум къыхэкIыу

Гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ медицинэ еджапIэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэр лэжьапIэ къэзыщтэну IуэхущIапIэхэм зэгурыIуэныгъэ ирамыщIылIауэ ординатурэм пщIэншэу щIэтIысхьэфынукъым.

СТУДЕНТЫМ и еджапщIэр хуэзытыну IуэхущIапIэр къимыгъуэтмэ, абы пэкIуэ уасэр езым итыжынущ е еджапIэм къыщIэкIыжын хуей хъунущ. ЗэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуахэр къызэпиудмэ, зы илъэсым хуэзэ еджапщIэр ипшыныжынущ. Къуэды ятынущ унэтIыныгъэ хэхакIэ (целевой) еджахэр IэнатIэкIэ къызэзымыгъэпэщ сымаджэщхэми.

Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр къыхалъхьащ медицинэ IэщIагъэлIхэр зэрахуримыкъум къыхэкIыу: еджапIэхэр къэзыуха ныбжьыщIэхэм я процент 35-р къэрал сымаджэщхэм щылэжьэну кIуэркъым.

Гъатхэпэм и 3, *гъубж*

♦**ТхакIуэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1921 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щыщ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI **Къардэн Зэмахъшэрий**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, драматург **Мысачэ Пётр**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ кинорежиссёр, тхакIуэ, композитор, продюсер, ЩIДАА-м и академик **Къандур Мухьэдин**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Молей Алихъан**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градус 1 - 3 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 4, *бэрэжьей*

♦**1846 гъэм** «Кавказ» газетым къытридзащ Къаз-Джэрий и «Зи щIыхьыр ин къэрал тетым и деж» письмор.

♦**1918 гъэм** Тэрч ЦIыхубэ Республикэр къэунэхуащ.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **КIуэкIуэ Тэлэдин**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щоджэн Вячеслав**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ радиожурналист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Хьэмту Къадир**.

♦**1969 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм къешх-къесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым 1 градус щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Гъатхэпэм и 5, *махуэку*

♦**1911 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и къэрал лэжьакIуэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта, Къэрэшей-Шэрджэс автоном округым и Адыгэ-Хьэблэ щIыналъэм и унафэщIу лэжьа **Къардэн Iэдэм**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ полковник, жылагъуэ лэжьакIуэ **Гъыш Самир**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ЩIДАА-м и академик **Бэвыж Мухьэмэд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градус 0 - 1 щыхъунущ.

Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 23-рэ. Абыхэм ящыщу 7-р хъыджэбз цIыкIущ, 16-р щIалэщ. Гъатхэпэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 44-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 1532-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэзщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Джэдур дзыгъуэкIэ лIыхъужьщ.

ЦIыхуфIу дунейм тетащ адыгэлI щыпкъэр

• Фэеплъ

Дунейм ехыжа цIыхум щхьэкIэ фIыщ жаIэ хабзэр. Ар къызыхэкIыр а псалъэхэр зыIуатэми зыхуаIуатэми я гум гуапэу къызэринэр арагъэнщ. Уасэншэкъэ уи псэукIэкIэ, уи лэжьыгъэкIэ, уи ныбжьэгъугъэкIэ а IэфIагъэр къэблэжьу дунейм утетамэ, фIыкIэ зигу укъэкIыжын цIыхухэр къыпкъуэту упсэуамэ?! Уи гъащIэ гъуэгуанэр пщIэ пылъу пкIуамэ, уи ужьым гукъэкIыж гуапэхэр къибнамэ, абы нэхъыфI сыт щыIэ?! Апхуэдэ насып зиIахэм ящыщщ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и экономист, 3-нэ класс зиIэ къэрал чэнджэщэгъу Сэбаншы Хьэзрэталий Мустэфа и къуэр. А лIы щыпкъэр, зи лъэпкъыр фIыуэ зылъагъу хэкупсэ нэсыр къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

Ар 1946 гъэм гъатхэпэм и 5-м Аруан районым (иджыпсту Лэскэн районщ) хыхьэ Аргудан къуажэм къыщалъхуащ. Аращ абы и гъащIэ гъуэгуанэми щыщIидзар, ар къыщыхъуар. Курыт еджапIэр къиухри Орджоникидзе (иджыпсту Владикавказщ) къалэм дэт финанс техникумым щIэтIысхьащ. ИужькIэ ар щеджащ цIыхубэ хозяйствэм и IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыру Ростов къалэм дэт институтым. ЩIалэ гурыхуэм тIури ехъулIэныгъэ иIэу къиухри, 1965 гъэм лэжьэн щIидзащ - Тэрч щIыналъэм финансхэмкIэ и къудамэм къэрал хэхъуэхэмкIэ и инспектору. Экономикэм фIыуэ хэзыщIыкI хъуа щIалэр куэд мыщIэу ягъэуващ мэкъумэш IэнатIэм мылъку хухэхынымкIэ экономист нэхъыжьу, иужькIэ къэрал хэхъуэхэмкIэ и инспектор нэхъыжь, къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ къулыкъухэр дзыхь къыхуащIащ. Гудзакъэ, хэлъэт зэриIэм, Iуэхум зэрыхуэмыщхьэхым, хьэлэлу зэрылажьэм унафэщIхэм гу лъамытэу къанэртэкъым, арат зэпымыуу зэрыдрагъэкIуэтеиным щIыхущIэкъури. Апхуэдэу ар хъуащ Тэрч щIыналъэм финансхэмкIэ и къудамэм, инспектору лэжьэн щыщIидзам, и унафэщI.

Илъэс пщыкIутхукIэ Тэрч районым щылэжьауэ, 1980 гъэм абы дзыхь къыхуащIащ къэрал мыхьэнэ зиIэ къулыкъу лъагэ - РСФСР-м ФинансхэмкIэ и министерствэм и Къэзыпщытэ-ревизионнэ управленэу (КРУ) КъБАССР-м щыIэм и унафэщI. А IуэхущIапIэм и фIэщыгъэри и къалэнхэри 2004 гъэм яхъуэжу, Финанс-бюджет кIэлъыплъыныгъэхэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и щIыналъэ управленэр (Росфиннадзор) къызэрагъэпэща иужьи, абы и унафэщIу къагъэнэжащ Сэбаншыр. КРУ-мрэ Росфиннадзорымрэ я тхьэмадэу ар илъэс 30-кIэ лэжьащ и къару емыблэжу, цIыхубэм я сэбэп зыхэлъхэр пхигъэкIыу, хабзэм къэмылэнджэжу тету. 2010 гъэм Хьэзрэталий пенсэм тIысыжащ, зи унафэщIу щыта IуэхущIапIэр 2016 гъэм зэбграгъэкIыжри абы и къалэнхэр Къэрал казначействэм иратыжащ.

- Нобэ щIалэ гуп дыздолажьэ Хьэзрэталий и гъэсэнхэм ящыщщи, зы цIыхум фIы фIэкIа хужытIэфынукъым а лIы гъуэзэджэм. Абы и унафэм щIэту илъэс куэдкIэ сылэжьащи, къэпщытэныгъэ лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ ди щIыналъэр нэхъыфIхэм щыхамылъыта зэи къэхъуакъым. Ар зи фIыщIэр, дауи, ди тхьэмадэрт, - жеIэ Къэрал казначействэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI IутIыж Шумахуэ. - 2016 гъэм Хьэзрэталий зи унафэщI IуэхущIапIэр зэбграгъэкIыжри, абы и къалэнхэр иджыпсту сызипашэ Казначействэм и пщэ къыдалъхьэжауэ аращи, Сэбаншым ещхьу, акъыл хэлъу ар тхуегъэлажьэмэ, ди насыпщ. Ди республикэм ар къэзымыцIыху истэкъым, емызэшу, щIыхь пылъу лажьэрти, и къулыкъур акъыл хэлъу зэрихьэрти. Унагъуэ дахэ къыщIэнащ ди нэхъыжьыфIым, езымрэ и щхьэгъусэ Валентинэрэ яхуэфэщэжу щIалитI - Тимуррэ Зауррэ - лъэпкъым хуагъэсащ. Сыхуэарэзыщ си щхьэкIэ, Тхьэр арэзы къыхухъу.

УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и ныбжьэгъуфIу щытащ Хьэзрэталий.

- И унагъуэ дахэм, Аргудан, мызэ-мытIэу сыщыхьэщIащ, шыгъу-пIастэ куэд зэдэтшхащ, - жеIэ абы. - Адыгэ хабзэм фIыуэ хищIыкIырт, абы и лъэныкъуэкIэ зэи щыуэнутэкъым, уэри щыуагъэ пIэщIэкIыу идэнутэкъым. Сэр нэхърэ зы тIэкIукIэ нэхъыжьти, си япэ изгъэтыну сфIэфIт. Куэдрэ зэгъусэу хамэ къэрал къикIа хьэщIэхэм дахуэзащ, дабгъэдэсащи, и псэлъэкIэр, и Iуэху зехьэкIэр ягу къинащ, нобэр къыздэсым ар зигу къэзыгъэкIыжхэр яхэтщ. Сэ сщIэуэ цIыху куэдым сэбэп яхуэхъуащ лэжьыгъэ IэнатIэкIэ. И хьэлкIи, щэнкIи, и дуней тетыкIэкIи дагъуэншэт Хьэзрэталий, фIыуэ тлъагъурт. Пасэу дунейм ехыжащ, ахърэт нэху Тхьэм кърит!

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIы Iуэхухэмрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр Тохъу Аслъэн ящыщщ Хьэзрэталий теухуауэ псалъэ гуапэ куэд зигу илъхэм.

- Сэбаншы Хьэзрэталий уигу къыщыбгъэкIыжкIэ, Iэмал имыIэу и гущIыIу къыпфIохъу зи цIэр хэIэтыкIауэ къиIуапхъэ, зыпэрыт Iуэхум хуэIэижь, гъащIэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэмкIэ пщIэшхуэ къэзылэжьа къэрал къулыкъущIэу зэрыщытар. Нэхъ пасэм щыIа Iуэху зехьэкIэ гъэпсат абы иIэр. УзыфIигъэлIыкIыу уардэу зиIыгът, ткIийт, ауэ къызэрымыкIуэу захуагъэм и телъхьэт. Хьэзрэталий илъэс куэдкIэ зи унафэщIу щыта IуэхущIапIэм щыдэлэжьэну зи насып къихьа дэтхэнэми ди куэдщ абы и лэжьэкIэм теухуа гукъэкIыж. Ауэ гъэщIэгъуэныр сыт хуэдэ гугъуехь къыкъуэмыкIами, хэкIыпIэм я нэхъыфIыр щыуагъэншэу къызэригъуэтырт.

Сигу къэзгъэкIыжыну сыхуейт зы Iуэхугъуэ. Сэбаншым и къуэдзэу сыщыщыта зэманым дэ дыхэтат Росфиннадзорым и методикэ совет Волгоград къалэм щекIуэкIам. IуэхущIапIэм и центральнэ аппаратми щIыналъэ къудамэхэми я унафэщIхэр щызэхуэсат абы. ЗэIущIэм кърагъэблэгъат Волгоград областым и губернатор, КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и ныбжьэгъушхуэ Максюта Николай. Къыщыпсалъэм ари къыхигъэщри, ди республикэм и Iэтащхьэми абы щыпсэу цIыхухэми пщIэшхуэ зэрахуищIыр жиIат унафэщIым. Ди щIыпIэр къызэрыхигъэщам и фIыщIэ хэлът Сэбаншым, ар и щхьэкIэ зэрицIыхурат гулъытэ щхьэхуэр, псалъэ гуапэхэр къызыхэкIар. Волгоград щIыналъэм и Росфиннадзорым и унафэщIыр, зэIущIэр къызэзыгъэпэщар къелъэIури, къытхуащта махуэшхуэ Iэнэм и тхьэмадэу игъэтIысат Хьэзрэталий. Губзыгъэу, ди лъэпкъ щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ щысхэр щыгъуазэ ищIу иригъэкIуэкIат абы Iэнэр. А пщыхьэщхьэм кърихьэлIауэ щытауэ сызыхуэзэхэм иджыри ягу къагъэкIыж абы и жьэнахуагъэри, и Iущыгъэри, телъыджэу, гукъинэжу тхьэмадэ къалэныр зэригъэзэщIари.

Псалъэшхуэ имыIэу, зэпIэзэрыту, зыхэтым закъыхимыгъэщу щытми, и лэжьэгъу-ныбжьэгъухэм пщIэ хуащI къудейуэ къанэртэкъым Хьэзрэталий, абы псори ечэнджэщырт, жэуап пыухыкIаи деж къыщагъуэтырт.

Апхуэдэущ Хьэзрэталий сигу къызэринар. Iуэху IэджэхэмкIэ, щIэуэ зызэтпщыт гуэрхэмкIэ си дежкIи, ар къэзыухъуреихьу щыта цIыхухэмкIи иджыри щапхъэщ, чэнджэщэгъущ. Чэнджэщэгъущ: «Хьэзрэталий дауэ ищIыну пIэрэт, сыт жиIэнт абы ехьэлIауэ?» - жытIэу дызэупщIыжу апхуэдэщи. Къэзылъхуа Сэбаншыхи къызыхэкIа адыгэ лъэпкъри зэрыгушхуэ хъун цIыхущ пэжкIэ ди япэ ита лIы ахъырзэманыр! - къыжиIащ Аслъэн.

И гуащIэм къэрал гулъыти имыгъуэту къэнакъым Хьэзрэталий. 1999 гъэм абы, УФ-м и Президентым и УнафэкIэ, «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и экономист» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым «УФ-м 3-нэ класс зиIэ и къэрал чэнджэщэгъу» щIыхьыцIэр къыфIащащ.

Хэкум фIы хуэлэжьыным, къэралым къулыкъу хуэщIэным хуэгъэпсауэ щытащ Хьэзрэталий и гъащIэ псор. Зыхэтым къахэщырт щIэныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъымкIэ, зыпэрыт IэнатIэм фIыуэ зэрыхищIыкIымкIэ, цIыхум зэрадэгъуэгурыкIуэфымкIэ, пэжу, зэпIэзэрыту гупым зэрыхэтымкIэ, адрейхэми хуэдэу и щхьэми зэрыхуэткIиймкIэ. А хьэлхэращ ар ди республикэм и мызакъуэу гъунэгъу щIыналъэхэми къыщацIыхуу, пщIэ къыщыхуащIу щIыщытар.

Дэнэ щыIэми, дэнэ щылажьэми, Хьэзрэталий гукIи псэкIи хуэпэжт къыщалъхуа и жылэжьым, Аргудан и щыIэкIэ-псэукIэм имыгъэгузавэу, хузэфIэкI абы хуимыщIэу зы махуи псэуакъым.

- Сэбаншы лъэпкъыр иропагэ Хьэзрэталий и цIэм. Илъэс куэдкIэ къулыкъущIэ IэнатIэр зезыхьа, зэфIэкIышхуэрэ щIэныгъэ лъагэрэ зыбгъэдэлъ, цIыху гуапэ икIи пэж адыгэлIым а и хьэл-щэныфI куэдым я нэхъыщхьэр къызэрыгуэкIыу, зэпIэзэрыту зэрыщытырт. ЖаIэ зылIыр зауэлI щхьэхуэ мыхъуу. Сэ сызэригугъэмкIэ ди къуэшыр щытащ экономикэр, мылъкур къэпщытэн IуэхумкIэ республикэм и «зауэлI» пашэу, - жеIэ Хьэзрэталий и къуэшым и къуэ, Лэскэн районым и ЩIыпIэ самоуправленэм и советым и тхьэмадэ Сэбаншы Аскэрбий.

2021 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м ар дунейм ехыжащ. И благъэ-Iыхьлыхэм я мызакъуэу, пэжкIэ бгъэдэта и лэжьэгъу-ныбжьэгъухэми ар ящыгъупщэркъым, фIыкIэ ягу къагъэкIыж зэпытщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Анэдэлъхубзэм зэришэлIахэр

• ЗэIущIэхэр

Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэм и модельнэ библиотекэм зэхыхьэ гуапэ щекIуэкIащ, Анэдэлъхубзэхэм я дунейпсо махуэм теухуауэ. Абы ирагъэблэгъащ тхакIуэ, усакIуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ. Ар къызэригъэпэщащ библиотекэм и унафэщI Шапсыгъ Алесе, Бахъсэн щIыналъэм и библиотекэ зэгъэуIуам и унафэщI Нэгъуей Радимэ и дэIэпыкъуэгъуу.

ИСЛЪЭМЕЙ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм нэгъабэ фокIадэ мазэм къыщызэIуаха иджырей модельнэ библиотекэм тхылъ мин 40-м щIигъу щахъумэ. IуэхущIапIэм къеджэныгъэхэр, лекцэхэр, мастер-классхэр, республикэм и тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я зэIущIэхэр щрагъэкIуэкI. Библиотекэм щеджэ и пэшхэр зэIузэпэщщ.

ЗэIущIэм зыкърагъэхьэлIащ Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI къалэнхэр зыгъэзащIэ Щомахуэ Каринэ, усакIуэ, пшынауэ IэпщIэ Анзор, еджакIуэхэм, егъэджакIуэхэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм.

Зэхыхьэм щытепсэлъыхьащ Къаныкъуэ Заринэ и «Iуащхьэмахуэ, Махуэгъэпс» романымрэ иджыблагъэ къыдэкIа, фэнтези жанрым иту итха «Нартархэр» тхылъымрэ. Тхыгъэхэм щызэхэухуэнащ лъэпкъ тхыдэр, гъащIэр, щэнхабзэр. Пшыхьым Заринэ и усэхэми къыщеджащ. НыбжьыщIэхэми пшыхьым зыкъэрезыгъэхьэлIа балигъхэми Заринэ упщIэ кърaтащ и гъащIэм, и лэжьыгъэм, и тхыгъэхэм къыхэщ лIыхъужьхэм теухуауэ.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ «Кавказ» IуэрыIуатэ ансамблым и уэрэджыIакIуэхэу Щхьэгъум Борис, Жылау Арсен, Къущхьэ Заур, БатIитI Мухьэмэд сымэ. Гупым хэтхэм цIыхубэ уэрэдыжьхэр ягъэзащIэ къудей мыхъуу, лъэпкъым къыдекIуэкI IуэрыIуатэ, щэнхабзэ, тхыдэ, хабзэ, бзэ хъугъуэфIыгъуэхэр яхъумэ. ХьэтIохъущыкъуей къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и пшынауэхэм я ансамблым и унафэщI Бэч Iэсият пшынэбзэ макъамэ дахэ иригъэдэIуащ къызэхуэсахэр.

Лъахэхутэ, прикладной гъуазджэмкIэ IэпщIэлъапщIэ БатIитI Мухьэмэд жиIащ зи анэдэлъхубзэр зыIурылъ, ар фIыуэ зыгъэшэрыуэ цIыхур лъэпкъ щэнхабзэмрэ хабзэмрэ я хъумакIуэ зэрыхъур, къызыхэкIар, и лъэпкъ тхыдэр зыщIэр нэхъ гушхуауэ дунейм зэрытетыр. Мухьэмэд щIалэгъуалэм еущиящ я анэдэлъхубзэр нэхъыфIу зрагъэщIэн, я щIэныгъэм хагъэхъуэн папщIэ лъэпкъ уэрэдыжьхэм едэIуэну, IуэрыIуатэр яджыну. Езым Бахъсэн щIыналъэм и щIыпIэцIэхэм, нарт IуэрыIуатэм щыщ хъыбархэм, ди лIыхъужьхэм ехьэлIауэ ныбжьыщIэхэм яжриIа Iущыгъэхэр гъэщIэгъуэнт. Къищынэмыщ Iауэ, ныбжьыщIэхэр къигъэгугъащ пасэрей лъэпкъ IэщIагъэм, къамыл зэрызэIуащэм хуигъэсэну. БатIитI Мухьэмэд Къаныкъуэ Заринэ ехъуэхъуащ иджыри щIэупщIэ зиIэ тхыгъэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIыну, ефIэкIуэну, и гуащIэ и шхыгъуэ ихуэну.

Ислъэмей къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI Щэрдан ФатIимэ къыхигъэщащ бзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыщIэхэм я анэдэлъхубзэр, я зэхэщIыкIыр нэхъри ирагъэфIэкIуэну, зауэжьыну Iэмал зэраIэр, я бзэр зэрылъапIэр абы зэрызыхригъащIэр. Абы къыхигъэщащ я анэдэлъхубзэм гулъытэ нэхъыбэ хуащIыну щIэблэр къыхуезыджэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэм иджыри къыпащэну зэрыщыгугъыр.

ЩэнхабзэмкIэ унэм и художественнэ унафэщI Щоджэн Алеся зэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ екIуэкIа зэпеуэхэм зэрыхэтам, абыхэм къызэрыщыхэжаныкIам теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ. Абы жиIащ я анэдэлъхубзэм и дахагъэмкIэ, абы и къулеигъэмкIэ, литературэ тхыгъэхэмкIэ зыщыщ лъэпкъым и лъапIэныгъэхэр зыхащIэну Iэмал зэраIэр.

Къаныкъуэ Заринэ фIыщIэ яхуищIащ зэIущIэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ. И IэдакъэкъыщIэкIа «Iуащхьэмахуэ, Махуэгъэпс», «Нартархэр» тхылъхэр тыгъэ яхуищIащ зэхыхьэм къыхэжаныкIа щIалэгъуалэм, библиотекэм.

ЗэIущIэ гуапэр лъэпкъ щэнхабзэм, анэдэлъхубзэм и махуэшхуэ хъуауэ жыпIэ хъунущ. Зэхыхьэм хэта дэтхэнэми зыхищIащ анэдэлъхубзэр хъумэным, абы зегъэужьыным, ар щIэблэм егъэщIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Тхыгъэри сурэтхэри **ТЕКIУЖЬ Заретэ** *ейщ.*

Пщыхьэщхьэр ягъэдэхащ

Прохладнэ щIыналъэм хыхьэ Къэрэгъэш къуажэм физкультурэ-узыншагъэр щызэтрагъэувэж и комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ «Щхьэмыж» спорт клубым бэнэкIэ хуитымкIэ и зэхьэзэхуэ зэIуха. Дэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэм я фэеплъу щытащ ар.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ Прохладнэ, Шэджэм, Лэскэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм я командэхэр. ЗэIущIэр ирагъэжьэным ипэ къихуэу спортсменхэмрэ къызэхуэсахэмрэ СВО-м хэкIуэда лIыхъужьхэм я щхьэхэр хуагъэщхъащ, я фэеплъым пщIэ хуащIу.

ГъэщIэгъуэну икIи удихьэхыу екIуэкIа зэпеуэхэм къарикIуахэр наIуэ къэхъуа нэужь, абы къыщыхэжаныкIахэр саугъэтхэмрэ медалхэмкIэ ягъэпажащ. Пщыхьэщхьэр ягъэдэхащ Къэрэгъэш къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и «Къуршхэм я макъамэ» къэфакIуэ гупым.

ТыншыпIэ къыхузэрагъэпэщ

Прохладнэ къалэм Лениным и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет «Парк Ипщэ» жыг хадэ цIыкIур мы гъэм зыхуей хуагъэзэнущ. Къэралым щрагъэкIуэкIа урысейпсо интернет IэIэтым цIыхухэр куэду щызэхуэс, зэIузэпэщ ящIыну щIыпIэхэм ящыщу, къалэдэсхэм ар япэ игъэщыпхъэу нэгъабэ къагъэлъэгъуащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР ирагъэкIуэкIынущ «Къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ икIи ахэр хуэунэтIащ цIыхухэм я тыншыпIэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыным.

Жыг хадэ цIыкIу къагъэщIэрэщIэжынум щынэхъыщхьэнур абы теплъэ дахэ етынымрэ цIыхухэм зыщагъэпсэхун, я нэгу зыщрагъэужьын, хьэуа къабзэм хэту Iуэхугъуэ щхьэпэхэр щрагъэкIуэкI хъун, щIалэгъуалэр щызэхуэзэн щIыпIэхэр къыщызэгъэпэщынырщ. Апхуэдэуи, «Парк Ипщэм» щагъэувынущ СВО-м хэкIуэда лIыхъужьхэм я фэеплъ. Лэжьыгъэхэм пэрыхьэнущ дунейм зэрызиIэтыжу.

ЩЭУЕЙ Болэ.

Къалэм и теплъэр зэрыщытынур

Иджыблагъэ КъБКъУ-м щекIуэкIащ щIыналъэм архитектурэм, урбанистикэм, дизайным зыщегъэужьыным хэлъ гугъуехьхэм теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ архитектор, дизайнер IэщIагъэхэм хуеджэ студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, республикэм и къалащхьэм и теплъэр, абы дяпэкIэ зэрызрагъэхъуэжынур зыфIэгъэщIэгъуэнхэр.

ЗЭIУЩIЭМ къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и архитектор лъэрызехьэхэу КъБР-м щIыхь зиIэ и архитектор, Урысейм и архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Логоватовский Юрий, КъБКъУ-м Архитектурэмрэ дизайнымкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэхэу Тезадэ Оксанэ, Тутаев Алим, Щынахъуэ Астемыр сымэ, егъэджэныгъэмрэ проект щIынымрэ зэдэзыхь IэщIагъэлIхэр.

Логоватовский Юрий утыку кърихьащ проект гъэщIэгъуэну тIу, ахэр зытеухуар Налшык къалэм и теплъэм зебгъэхъуэж, зебгъэужь зэрыхъуну щIыкIэхэрт. Зыр 2-нэ Тамань дивизэм и уэрамым къыщрагъэжьа паркым иIэну теплъэрщ. А хьэблэм дэт спорт IуэхущIапIэхэр - Мыл уардэунэр, стадионыр, ухуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр - зы паркышхуэм, «ТекIуэныгъэм и паркkIэ» зэджэнум, иту, архитектурэ-ландшафт дахэу зэгъэкIуауэ яубзыхуауэ аращ.

- Къапщтэмэ, Налшык щхъуантIагъэр зэрыщыкуэдым къыхэкIыу, ипэжыпIэкIэ, къалэ-хадэкIэ йоджэ, зи гугъу тщIы паркым и машинэ гъэувыпIэхэм зэрыбгъэдыхьэри зыми емыщхьу щытын хуейщ. Паркыр зыплъыхьыпIэ къудейкъым, ар псэ зыIут Iэпкълъэпкъым хуэдэщ. А щIыпIэм блэкIа зэриIэм и щыхьэту совет классицизмэм и хабзэхэр къыщызэтегъэнэн, ди щIыналъэм и бгы архитектурэм и теплъэхэр щыплъагъун хуейщ, къалэдэсхэм нэхъ яфIэфI иджырей бгъэдыхьэкIэхэри къыщыгъэсэбэпыпхъэщ, - жиIащ Юрий.

ЕтIуанэ проектыр къалэм и тхыдэ курыхыр зэгъэпэщыжынырщ, дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юрэ и цIэр зэрихьэу Къэбэрдей уэрамым концерт гъэлъэгъуапIэ къыщызэгъэпэщынырщ. Архитекторым гулъытэ хэха хуищIащ тхыдэ щIэиныр хъумэным, псом хуэмыдэу, къыхилъхьащ революцэм ипэкIэ яухуа, къатитIу зэтет унэ закъуэу къэнар музей ящIыну.

Зэхыхьэм и етIуанэ Iыхьэм къыщыпсэлъащ Налшык администрацэм Къалэм зегъэужьынымкIэ и институтым проектхэм щелэжь архитектор ныбжьыщIэхэр. Абыхэм я IэдакъэщIэкIщ Пионерхэм я уардэунэмрэ Абхъазым и утыкумрэ я зэхуаку дэт мэз бгынэжам и пIэм къыщыунэхуа КъБР-р илъэси 100 зэрырикъум и паркыр. Ар щIыуэпсым хуэсакъыным и щапхъэ нэс хъуащ: проектыр щащIым абдеж ит щхъуантIагъэ псори яхъумащ, зыплъыхьыпIэ лъагъуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэ павильоныр, зыгъэпсэхупIэхэр щIыпIэм екIуу хагъэзэгъащ. «Ди гупыр псом хуэмыдэу ирогушхуэ паркыр иджырей гъуазджэм и утыку нэхъыщхьэ, къалэм и жылагъуэ зэхуэсыпIэ екIу зэрыхъуам», - къыхигъэщащ Тезадэ Оксанэ.

Мынэхъ мащIэу гъэщIэгъуэну къыщIэкIащ КъБКъУ-м и студентхэмрэ архитекторхэмрэ зэгъусэу зэлэжьа «Кизиловка» дэкI эколъагъуэм узыгъэгъуазэ и системэм теухуа проектыр. Губгъуэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIри, Нартия бгым нэс гъуэгухэр пхашащ, лъагапIэ нэхъыщхьэхэр ягъэбелджылащ, езы студентхэми къыхалъхьащ навигацэ стендхэм я зэхэлъыкIэ гъэщIэгъуэн.

- Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт а щIыпIэр ди япэкIи щыIауэ зэрыщытыр зыхэпщIэу, щIэм жьыр щIимыхъумэу, атIэ зыр адрейм игъэдахэу Iуэхур зэтеублэным. Дэ дызэлэжьыр цIыхухэм папщIэ щIыпIэ дахэ щIынырщ, абы къыхэкIыу гъуэгухэр нэхъ тыншу, IуплъапIэ екIуэхэр нэгум къыщыщIидзэ лъагъуэхэр иIэу, къалэдэсхэр зэса къэкIуэхыпIэхэм ягуми я псэми зыщигъэпсэху зэтегъэпсыхьынырщ», - къыхигъэщащ Щынахъуэ Астемыр.

Къэзан къикIа и лэжьэгъухэм я гъусэу Тутаев Алим зэхилъхьа проектт 2-нэ Тамань дивизэм и уэрамым тет экстрим-паркым и зэхэлъыкIэр. Гуэл игъущыкIам деж скейтбордингым папщIэ бетон ухуэныгъэхэр, администрацэр зыщIэсыну павильоныр, щэнхабзэ Iуэхухэр щрагъэкIуэкIынур, щIалэгъуалэм папщIэ нэгузегъэужьыпIэ зыбжанэу зэхэт щIыпIэм и проектырщ Алим зытепсэлъыхьар.

ЗэIущIэм и кIэухым студентхэм спикерхэм упщIэхэр иратащ IэщIагъэм ухуэзышэ Iуэхугъуэхэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм екIун проектхэр зэращI щIыкIэхэм, архитекторым иджырей жылагъуэм щиIэ мыхьэнэм, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ. Архитектор ныбжьыщIэхэр чэнджэщхэмкIэ ядэгуэшащ щIэзыдзагъащIэхэм: махуэ къэс щIэ гуэр зрагъэщIэну, набдзэгубдзаплъэу ухуэныгъэхэмрэ теплъэхэмрэ яхущытыну, студентыгъуэ илъэсхэм щыщIэдзауэ проектышхуэхэм хыхьэну.

КъызэгъэпэщакIуэхэм жаIащ екIуэкIа зэпсэлъэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, апхуэдэ зэIущIэхэр университетым зэпымыууэ зэрыщрагъэкIуэкIынур. Абы Iэмал къитынущ егъэджэныгъэ Iуэхумрэ иджырей архитектурэ лэжьыгъэмрэ пасэу зэуIу пщIыуэ, студентхэр лэжьыгъэм занщIэу пэрышэнымкIэ.

ШЭРIУЖЬ Даянэ.

Зэныбжьэгъугъэм и нэщэнэ

Мечиев Кязим и цIэр зезыхьэ НыбжьыщIэхэм я республикэ библиотекэм щекIуэкIащ «Мы разные, мы вместе: мир через литературу» усэ зэпеуэр. Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым и щIыхькIэ ягъэбелджыла Iуэхугъуэр «Сабий, ныбжьыщIэ тхылъхэм я тхьэмахуэм» и пэ ирагъэхуащ, литературэм, усыгъэм я мыхьэнэр нэхъри щIагъэбыдэу.

ГЪЭХУАУЭ усэ жыIэнымкIэ зэпеуэм хэтащ сабий, ныбжьыщIэ 44-рэ. Ахэр адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ къеджащ ди къэралым ис лъэпкъхэм я зэхуакум дэлъ зэхущытыкIэ дахэм, ныбжьэгъугъэм теухуа усэхэм. Республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ къикIахэм ягъэлъэгъуащ усэбзэр зэрызыхащIэр, утыку итыкIэ зэращIэр.

Республикэ зэпеуэм хэтахэм я зэфIэкIыр къапщытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и сурэтыщI Жылэ Анатолэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, Тхылъхэр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэу республикэм щыIэм и унафэщI Шинкарёвэ Наталье, «Солнышко» сабий журналым и редактор Мазуренкэ Маринэ, усакIуэ Гугъуэт Заремэ.

КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм еджакIуэхэм зыхуагъэзащ псалъэ гуапэкIэ. Абыхэм къыхагъэщащ усыгъэм и IэфIыр, псалъэм и мыхьэнэр зыхэзыщIэ щIэблэм псори зэрыщыгуфIыкIыр, я зэфIэкIым нэхъри хагъахъуэмэ, усэ зэпеуэхэм хэтмэ зэрагуапэр.

- Нобэ ди пащхьэм зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм арэзы дыкъэфщIащ, дигъэгушхуащ фыкъызэджэ усэм и мыхьэнэр зэрызыхэфщIэм, усэм цIыху зэхэщIыкIыр нэхъ къулей зэрищIыр къызэрывгурыIуэм. Зэпеуэм къыхыхьа дэтхэнэми лъэбакъуэ дахэ фчащ нобэ, гурэ псэкIэ зэрызывгъэхьэзырар наIуэщ. Псом нэхъ гугъур увыпIэхэр гуэшынырщ, сыту жыпIэмэ, куэдым дыфхьэхуащ, - жиIащ Шинкарёвэ Наталье.

Жылэ Анатолэ къыхигъэщащ псалъэм и къарур къызыгурыIуэ щIэблэм зэрыщыгуфIыкIыр, ахэр къызэджа сатырхэм ныбжьэгъугъэ, къуэшыгъэ, зэкъуэтыныгъэ мыхьэнэр къызэрыхэщам и мыхьэнэр зэрыиныр.

Илъэси 6 - 9 хъухэм я зэпеуэм япэ увыпIэр къыщахьащ Амщокъуэ Амырхъанрэ Кожуховэ Ульянэрэ. ЕтIуанэ хъуащ Ульбашевэ Ясминэ. Ещанэ увыпIэр ялъысащ Едгъул Дисанэрэ Шыгъушэ Динарэрэ. Илъэси 10 - 14 зи ныбжьхэм я деж бжыпэр щаубыдащ Кочергин Григорийрэ Бапинаев Альтаиррэ. ЕтIуанэ увыпIэр зэдагуэшащ Балъкъэр Аслъэнбэч, Мэсей Салимэ, КIэнэтI Руслан сымэ. Ещанэ увыпIэр къахьащ Алтуевэ Маринэрэ Тотрыкъуэ СулътIанрэ. Илъэс 15 - 18 хъухэм я зэпеуэм нэхъыфI дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Дыкъынэ Динарэрэ Беслъэней Аланрэ. ЕтIуанэ хъуащ Маргъущ Рияннэрэ Джатэ Ибрэхьимрэ. Ещанэр ялъысащ Жасимовэ Динарэрэ КIыщокъуэ Дианэрэ.

Тхыгъэри сурэтхэри **НАФIЭДЗ Данэ** *ейщ.*

Донбассым щытраха сурэтхэр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ЩIалэгъуалэм я унэм щокIуэкI «Донбасс - глазами очевидца: откроем правду вместе» гъэлъэгъуэныгъэр. Сурэтхэр я Iэдакъэ къыщIэкIащ «Российская газета»-м Краснодар щиIэ къудамэм и лэжьакIуэ Аносов Владимиррэ СурэтыщIхэмрэ кинематографистхэмрэ я «Новатор» жылагъуэ зэгухьэныгъэр къызэзыгъэпэща икIи абы и унафэщI, УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм щIыхь зиIэу хэт Къырымызэ Зауррэ.

ЗЭIУЩIЭМ ирагъэблэгъащ Налшык къалэ администрацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и управленэм и унафэщI АфэщIагъуэ Анзор, дзэ Iуэху хэхамрэ «КъБР-м и лIыхъужьхэр» програмэмрэ хэтахэу Назарчук Сергей, Жашуев Аслъэн, Токъмакъ Къантемыр сымэ.

Аносов Владимир дзэ училищэр къиухри, авиацэм къулыкъу щищIащ, майорщ, Шэшэным щекIуэкIа зэпэщIэтыныгъэхэми хэтащ. Журналист IэщIагъэм пэрыхьащ IэщэкIэ зэщIэуэзэда къарухэм къыхэкIыжа нэужь. Дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэу, лъэIу тхыгъэ итхащ, Донбассым кIуэну хуит ящIыну. 2008 гъэм ар Цхинвал щыIащ, 2015 гъэм щыщIэдзауэ Донбассым щылэжьащ. Къырымызэ Заур волонтёр штабхэм ядолажьэ, дзэ Iуэху хэхам щIэхщIэхыурэ макIуэ, сурэтхэр щытрех.

Аносов Владимиррэ Къырымызэ Зауррэ я лэжьыгъэхэр иужьрей илъэсхэм щагъэлъэгъуащ къэралым и щIыналъэ пщIы бжыгъэхэм. Республикэм исхэм нэхъапэIуэкIи мызэ-мытIэу Iэмал яIащ Владимир триха сурэтхэм еплъыну. Заур и лэжьыгъэхэр иджы япэу ялъагъуу аращ.

- Зэхыхьэм къекIуэлIа псоми я цIэкIэ Владимиррэ Зауррэ фIэхъус гуапэ фызох! Нобэ щIэупщIэрэ мыхьэнэрэ зиIэ, дзэ Iуэху хэхам и пэжыр къыщыгъэлъэгъуа фи лэжьыгъэхэм папщIэ фIыщIэшхуэ фхузощI. Сурэтхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIахэм пэжым дызэрыщывгъэгъуазэр уасэншэщ, - жиIащ КъБР-м щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт. - Дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ мы махуэхэм илъэсиплI ирикъуащ. Илъэс пщIы бжыгъэкIэ зи щхьэ къратыгъэкIэта цIыхухэм къащхьэщыжынымкIэ ар Iэмал зимыIэу къэхъуа Iуэхугъуэу зэрыщытыр иджы куэдым быдзу я фIэщ мэхъу. ЗэпэщIэтыныгъэр хуэгъэпсащ идеологием, цIыхум къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэр пхыгъэкIыным. Къэралым и ныпым дыщыIуплъэкIэ, абы щыIэ ди щIалэхэр пэжым зэрыщIэбэныр зыхэтщIыкIын хуейщ. Дзэ Iуэху хэхар жыжьэ щекIуэкIыу, ар къытлъэмыIэсу жытIэныр къезэгъыркъым, дэтхэнэми ди къуэшхэр, шыпхъухэр, Iыхьлыхэр, благъэхэр, цIыхугъэхэр дзэ Iуэху хэхам щыIэщ е епхащи. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы хэкIуэдахэр, фэбжь хэзыхахэр мащIэкъым. А лIыхъужьхэм я гугъу тщIын, зэрахьа лIыгъэм теухуа тхыгъэхэр дгъэхьэзырын хуейщ. Си щхьэкIэ мызэ-мытIэу абы сыкIуэну къысхуихуащ, Донбассым щыIэхэм я псэукIэри слъэгъуащ, дэIэпыкъуныгъэ щахуэтшам. Фи дэлъхухэр, фи шыпхъухэр, унагъуэр фи гъусэу мы гъэлъэгъуэныгъэм фыкъакIуэ хъунущ. Дэтхэнэ зы унагъуэми мамырыгъэрэ ехъулIэныгъэрэ илъыну сынывохъуэхъу!

Гъуазджэм гъунапкъэ зэримыIэм, хэти псалъэкIэ, хэти макъамэкIэ, хэти иджырей къэхъугъэхэр къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэмкIэ цIыхупсэм зэрылъэIэсым я щыхьэтщ мы сурэтхэр. Ахэр чэзууэ экранымкIэ къагъэлъэгъуащ, лэжьыгъэхэр зейхэм абы и тхыдэм, щIэлъ гупсысэм и гугъу ящIу.

Владимиррэ Зауррэ траха сурэтхэр я щыхьэтщ, дзэ Iуэху хэхами емылъытауэ, гъащIэр къэмыувыIэу зэрекIуэкIыр. Сурэтхэм къощ дзэ фащэ зыщыгъ сабийхэр, дзэм и машинэхэр, псэупIэ, ухуэныгъэ зэхэкъутахэр, бийм къахидза лагъым нэужьым бзылъхугъэр гу цIыкIукIэ Iузыш щIалэр, лъакъуэрыгъажэкIэ къэзыжыхь лIыр, бжэныхъуэр, нэгъуэщIхэри. Псом хуэмыдэу купщIэ зыщIэлът дзэм и машинэрэ сэхуран гъэгъарэ къызэрыщ сурэтыр. Ар гугъэ уэзыгъэщIщ дзэ Iуэху хэхар иухыу гъащIэ мамыр зэрыхъужынум.

Зауррэ Владимиррэ дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэм куэдрэ епсэлъылIэну къахуихуащи, къыхагъэщ абы щыIэ щIалэхэм я дунейми лъапIэныгъэу къалъытэхэми зэрызахъуэжыр, къызэрыгуэкI Iуэхухэм щыгуфIыкI зэрыхъур, я бынхэм къахыхьэжыныр зэраплъапIэр.

- Псэзэпылъхьэпlэ ит цIыхум удэIэпыкъуну Iэмал узэриIэр зэрызыхэпщIэр, зауэлIхэр зыхуэныкъуэ хущхъуэхэр зэраIэрыбгъэхьэфыр куэд и уасэщ, - жеIэ Жашуев Аслъэн. - Зауэ губгъуэм ущихьэкIэ е цIыхухэр щыбгъэIэпхъуэкIэ уи гум куэд щощIэ. Зэи пщIэркъым уздэкIуэм унэсынрэ унэмысынрэ. Къебгъэла цIыхур къызэрыпхуэарэзыр щыплъагъукIэ, гугъуехь псори пщогъупщэж. Карелием нэс къикIыу фIыщIэ къысхуищIыну къэкIуа щыIэщ. Апхуэдэ цIыхухэм утрагъэгушхуэ лэжьыгъэм пыпщэну.

Аносов Владимир жиIащ сыт щыгъуи и гуапэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и лэжьыгъэхэр къызэришэр. Гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэм абы фIыщIэ яхуищIащ.

- Республикэм ис ныбжьыщIэхэм зыщауэзэщI, я нэгу зыщрагъэужь мыпхуэдэ IуэхущIапIэ зэрыщыIэр гуапэ сщыхъуащ. Иджырей щIалэгъуалэм я кIэн къикIауэ жыпIэ хъунущ, нэхъапэм апхуэдэ Iэмал щыIакъым, - жиIащ Къырымызэ Заур.

Аносов Владимиррэ Къырымызэ Зауррэ я лэжьыгъэхэр республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ чэзууэ щагъэлъэгъуэнущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** трихащ.

● Дызэкъуэту

Къызыкъуахащ лIыгъэ

Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №5-м щекIуэкIащ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм, лIыхъужьу абы хэкIуэдахэм ятеухуа зэIущIэ. А курыт еджапIэр къэзыухауэ щыта щIалэхэм ятеухуа зэхуэсыр ирагъэщIылIащ «ЛIыгъужьым и партэ» зыфIаща урысейпсо Iуэхум. Ар къызэIуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэмкIэ. Къэралым, республикэм я ныпхэр яIэтыну дзыхь хуащIащ «щIэблэщIэ армэ» гупым хэсхэм. Къызэхуэсащ школ унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр. Къэрагъэблэгъащ и къулыкъум пэрыту хэкIуэда зауэлIхэм я Iыхьлыхэр, мы зэманым абы къулыкъу щызыщIэхэм я унагъуэхэр.

ЗЭIУЩIЭМ и пэщIэдзэт фэеплъ Iыхьэр. ЕджакIуэхэм утыкум къэрахьащ а школым щеджахэу Хэкур яхъумэу зи псэ зытахэм я сурэтхэр. Ахэр 8 хъурт. ЛIыхъужьхэм я цIэ къраIуащ, дэтхэнэми и гъащIэ гъуэгум, и цIыху щIыкIэу щытам, ныбжьэгъухэм ягу къызэринам тепсэлъыхьащ. Зауэм зи гъащIэр къызэпиуда щIалэхэм щымыIэжу хуагъэфэща щIыхь дамыгъэхэри ягъэлъэгъуащ. ХэкIуэдахэм дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ Iуэхум хэтахэр.

Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №5-р къэзыуха щIалэ 26-рэ мы зэманым дзэ Iуэху хэхам щыIэщ. Абыхэм траухуащ зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр. Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ щIалэхэм къулыкъу зэращIэм, Хэкум папщIэ къызыкъуаха лIыгъэм.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым игъэбелджыла «ЛIыхъужьым и партэ» федеральнэ Iуэхур щагъэзэщIащ школым. Абы щеджа Журт Резуан дзэ Iуэху хэхам лIыхъужьу хэкIуэдащ, щымыIэжу абы къыхуагъэфэщащ ЛIыхъужьыгъэм и орден. Абы къыхузэIуаха «ЛIыхъужьым и фэеплъ партэм» дэтIысхьэнущ еджэным къыщыхэжаныкIхэр, жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтхэр.

Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №5-м пщэдджыжь къэс щIыхьэ ныбжьыщIэхэм я дежкIэ щапхъэщ Хэкум папщIэ къалэн зыгъэзащIэхэр, хахуагъэрэ лIыгъэрэ зыхэлъхэр, республикэм и щIыхьыр зыхъумэхэр.

ГЪУЭТ Синэ.

НыбжьыщIэхэр сакъыну къыхуреджэ

«Предательство» фильмыр Налшык къалэ и кинотеатрхэм я зым щагъэлъэгъуащ школакIуэхэм папщIэ. Абы кърихьэлIащ республикэм и районхэм къикIа ныбжьыщIэ 350-м щIигъу. КъБР-м Сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ Бэдракъ Iэминэ ядиIыгъыу, ар къызэрагъэпэщащ республикэ МВД-м балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и IэнатIэхэмрэ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ.

ЗИ ЩIАЛЭГЪУЭУ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пыщIа хъухэу суд зытращIыхьахэм я гъащIэ гукъутэм топсэлъыхь фильмыр. Абы и лъабжьэщ тезырыр зыпшыныжхэм я къекIуэкIыкIар, зэраубыдар, экспертхэм жаIэхэмрэ судыр къызыпэплъэ ныбжьыщIэхэм я гупсысэхэмрэ. Фильмым къеIэт мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр: балигъ мыхъуахэр хабзэншагъэм зэрыхашэр, абыхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ я дежкIэ абы къарикIуэхэр.

КърихьэлIахэм ялъэгъуащ террорист хьэгъэщагъэхэм хыхьэныр абыхэм я дежкIэ зэрышынагъуэр икIи я къэкIуэнур абы зэрызэтрикъутэр къытщIэхъуэ щIэблэм гурагъэIуэн мурадкIэ.

Еплъыныр иухри, зэIухауэ зэпсэлъахэщ, балигъ мыхъуахэм Iэмал яIащ яфIэгъэщIэгъуэн упщIэхэр иратыну, ялъэгъуам тепсэлъыхьыну. Апхуэдэуи а Iуэхум хэтащ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн, КъБР-м щыIэ МВД-м экстремизмэм, наркотикхэкIхэр хабзэншагъэкIэ игъэкIыным, хъыбарегъащIэ технологиехэм щалэжь щIэпхъаджагъэхэм япэщIэтынымкIэ къулыкъухэм ящыщхэр.

Жэрдэмыр хуэунэтIащ экстремизм щымыIэнымрэ ныбжьыщIэхэм шынагъуэншагъэм къигъэувхэм, хабзэм тетын зэрыхуейр зыхащIэу къэгъэхьунымрэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

ГъэщIэгъуэнщ мы псэущхьэхэр

ООН-м къиштауэ, 2013 гъэм щегъэжьауэ гъатхэпэм и 3-м дуней псом щагъэлъапIэ псэущхьэхэм я махуэр. Псэущхьэхэм я дунейр гъуэзэджэщ. Укъэзыгъэуlэбжь куэд ядыболъагъу абыхэм, хьэл-щэным, я псэукIэм, къэлъэтыхьыкIэм, есыкIэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэдми ятеухуауэ. Псэущхьэ лIэужьыгъуэ куэдри Гиннесс рекордхэмкIэ и Тхылъым иратхащ. Девгъэплъыт языныкъуэхэм гъэщIэгъуэну ядэплъагъункIэ хъунухэм.

♦ЖЬЫНДУМ и нэм къригъэжыхьыфыркъым, занщIэу плъэф мыхъумэ. Зыгуэрым еплъын хуей хъумэ, и щхьэр а лъэныкъуэмкIэ егъэкIэрахъуэ.

♦Мыщэ хужьым тет цыр уэсым зэрыхэгъуащэм и фIыгъэкIэ, абы зехъумэжыф. Ауэ мыщэм хужьым и щIыфэр фIыцIэщ.

♦Хьэндыркъуакъуэм плъыфэхэр зэхелъагъукIыф «нэм къыщIэIэбэр умылъагъуу» зыхужаIэ жэщ кIыфIми.

♦ЦIырэ-цIырэхэм къалъэтыхь я лъакъуэр дэIэтеяуи, ахэр щIыбкIи мэлъэтэф. Здэлъатэм, градуси 360-кIэ напIэзыпIэм ягъэшыф, сыхьэтым къриубыдэу километр 55-рэ зэпачыф.

♦ГъэщIэгъуэнщ: дзыгъуэнэфхэр псым йосыф икIи зыщIагъэмбрыуэ.

♦НэщIэпкIэр къэмыушу жеифынущ илъэсищ енкIэ.

♦Дунейм нэхъ цIыкIу дыдэу тет колибри бзу цIыкIур къэмыувыIэу лъэтэфынущ сыхьэт 20-кIэ.

♦Секундым къриубыдэу жыгыуIур жыгым йоуIу 20 - 25-рэ.

♦Ерыскъы Iумыхуэу джейр псэуфынущ махуэ 240-кIэ. Абы щыгъуэми, и хьэлъагъым щIагъуэу кIэрыхуркъым. Абыхэм жей зыхуагъэныкъуэфынущ махуи 120-кIэ.

♦Пылым и дзэм и хьэлъагъыр килограмми 9-м нос.

♦Пыл къалъхуагъащIэм килограмми 100 и хьэлъагъщ.

♦Къыум и щIыфэм къабзи 25000-м щIигъу тетщ.

♦ЩIыIубнэфым зы жэщым щIыр иретIыхьыф метр 300-кIэ.

♦Къаплъэным и цым и закъуэкъым кусэ зыхэтыр, атIэ и щIыфэри апхуэдэщ.

♦Махъшэр псы емыфэу псэуфынущ тхьэмахуитIкIэ.

♦Аслъэным гъуэхъуэн хузэфIэкIынукъым илъэситI иримыкъуауэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Спорт

ЗэкIэ етIуанэщ Миланэ

Болгарием и къалащхьэ Софие мазаем и 25 - 28-хэм щекIуэкIащ тхэквондомкIэ (ВТФ - Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) «Bulgaria Open» фIэщыгъэр зезыхьэ дунейпсо зэхьэзэхуэр. Абы щызэпеуащ къэрал 46-м я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэгъусэу, 2500-м щIигъу.

УФ-м и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Бекъул Миланэ икIи килограмм 46-рэ зи хьэлъагъхэм я деж дыжьын медаль къыщихьащ.

Ди пщащэм финалым нэсыху къыпэщIэтахэр ирикIуэтэкIащ и IэзагъкIэ абыхэм ефIэкIыу, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, кIэух зэхьэзэхуэр иригъэхьащ.

Гупхэм я зэпеуэм УФ-м и командэр япэ хъуащ, Къэзахъстаныр етIуанэщ, Иорданиер ещанэщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Бекъул Миланэ УФ-м дунейпсо классымкIэ спортым и мастерщ, нэгъабэ екIуэкIа дунейпсо чемпионатым етIуанэ увыпIэр къыщихьащ, цIыхубзхэм щхьэхуэу ирагъэкIуэкI чемпионатым щытекIуащ, Урысей Федерацэм щэнейрэ и чемпион хъуащ. Абыхэм нэмыщI, Миланэ и хьэлъагъ елъытауэ зыхэт гупым етIуанэ увыпIэр дунейпсо рейтингым щиIыгъщ. Абы и тренерыр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амирщ.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

Сурэтым: **Ахъмэт Амир и гъусэу.**

ЕкIуэкIащ гъэщIэгъуэну

Налшык къалэм и «КАИССА» шахмат клубым щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм шахматымкIэ я зэхьэзэхуэ. Ар трагъэхуащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэр щагъэлъапIэм. Абы щызэпеуащ цIыху 77-рэ икIи я ныбжьым, рейтингым щаIыгъ увыпIэм, яIэ разрядым теухуауэ гупиплIу гуэшауэ щытащ ахэр.

ГЪЭЩIЭГЪУЭНУ екIуэкIа зэпеуэхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ ТекIуий Эмир, Лу Къантемыр, Денисенкэ Артемий, Щоджэн Рэхьим, Щоджэн Элинэ, Бесчокъуэ Щыхьмырзэ, Тау Владимир, Дудар Салимэ, Жантудуевэ Амалие сымэ.

ТекIуий Валерэ, Шэрджэс Къантемыр, Абаевэ Тамилэ, Афэ Андемыркъан, Рехвиашвили Эвелинэ, Амщокъуэ Ибрэхьим, Гъурф Алий, Дудар Самирэ сымэ етIуанэ хъуахэщ.

Вэрокъуэ Дамир, Мамбэт Амир, КIыщ Идар, Къардэн Чэрим, Бауаевэ Наиля, Сокъур Чэрим, Ерыстау Амирэ, Ногеров Ибрэхьим сымэ ещанэ увыпIэхэр къахьащ.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм кубокхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр иратащ.

ЧЭМОКЪУЭ Болэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур гъатхэпэм и 6-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.267
Заказыр №3094
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Ныр Саидэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.